


NDICHAITA SEI NAJESU ANONZI KRISTU?

 Ishe vakuropafadzei, Hama Vayle. Mangwanani, shamwari. Ndinogara ndakanonoka. Billy anga achindiudza kuti ndanga ndine, mangwanani ano, uye ndine hurukuro dzepakavanda dzinenge makumi matatu, uye ndangova nembiri dzadzo, saka, ndinotenda mbiri kana nhatu. Saka handingokwanise kusvika kumunhu wese, munoziva, uye vanhu vakamirira, uye vanga vakamirira mumutsara kwemwedzi nemwedzi. Uye Ishe vanga vachiita zvinhu zvikuru imomo. Oo, Ndi—NdiMwari vedu. HaVasi here?

² Zvino ndine chokwadi, mangwanani ano, kuti tese tinoziva zvinosuvisa zvikuru zvakaitika kunyika ino, zvekurasikirwa neMutungamiri wenyika yedu, VaKennedy. Kunyangwe ndaipesana nemurume uyu mune zvevatongerwo enyika zvake nezvechinamoto chake, asi zvakadaro haakodzeri kufa saizvozvo. Kwete. Nekusiya vana vadiki, uye vasina baba. Uye naamai vari... Mai Kennedy, kunyangwe chaizvo ndisingabvumirani navo, nenzira dzavo nezvimwe, pamwe, asi, rangarirai, ndiamai. Vachangobva kufirwa nevana vavo, zvino vafirwa nemurume wavo. Zvino akawira pamakumbo avo chaipo, uye ropa remurume wavo pachavo rakadeukira pamakumbo avo. Zvakashata izvi.

³ Makambofunga here... Dzimwe nguva tinofunga kuti ndiye anotungamira semuyenzaniso kunyika, pamazvibatiro nezvimwe. Zvingave zvakadaro hazvo, zvakare. Asi munoziva here kuti, Mai Kennedy havana kumbobvira vakanzwa imwe yeMharidzo dzandinoparidza pamusoro paizvozvo? Pamwe vakanzwa imwe yeMharidzo idzodzo, vanogona kuita zvakatosiyana. Zvino vamwe vehanzvadzi dzedu vanoinzwa, asi zvakadaro havaiti zvainotaura. Maona? Maona? Maona? Akarerwa ari muKatorike; ndizvo chete zvaanoziva. Handina daka nazvo, maona. Iye... Uhwu hurongwa. Handina daka nevanhu vacho, vanhu vechiKatorike. Ihwohwo hurongwa, hurongwa hwechiKatorike, sePresbyteriani, Methodisti, kana mamwe ose zvawo, munoono, kana Pentekosti, ingava ipi zvayo. Hurongwa, kwete vanhu.

⁴ VaKennedy, ndinofunga, vakaita basa ra—rakanaka rekuva Mutungamiri wenyika. Mwoyo wangu unorwadziwa nekuda kwemudzimai wavo. Uye ndinonzwa kusuwa chaizvo pamusoro pazvo, kuti kunyangwe nyika yedu chaiyo ingadaro, nhubu nezvakadaro munyika medu, dzingaita chinhu chakadaro.

⁵ Kana ukatadza kuwirirana nemunhu, zvakanaka, iwe watora maonero ako; zvino hachisi chikonzero chekuuraya mumwe munhu, nekuda kwezvinhu zvakadaro. Uye vana vadiki ava vanoziva, vakati, mumwe muchinda mudiki akati, “Iko zvino handichisina munhu anotamba neni zvachose. Baba vaenda.” Maona?

Saka ndogara ndichifunga kuti chichachozovawo chinhanu changu, rimwe zuva. Zvakapotsa zvaitika kakawanda, sezvamunoziva, zvekupfurwa kune dzimwe nyika dzekunze; pavaitondifukidzira nemiviri yavo, kudzivisa kuti ndisapfurwe, necheparefu.

⁶ Zvino kana munhu akafa saizvozvo...Asi, ndiwo—ndiwo mubairo unobhadharwa, unoenderana nekubwinya kezvinhu zvakasiyana. Maona? Ndinofunga kuti tingati Mutungamiriri wechina wega-wega, mumwe chete kubva pavana, anopondwa, uye handinzwe zvakanaka kwazvo pamusoro pazvo. Zvinonyadzisa kuti tine munhu akadaro muAmerica, angaita chinhu chakadaro.

⁷ Uye zvino, zvisinei, sezvandataura, nda—ndaipesana nezvematongerwo enyika zvake. Ndiri...Handidaro, ndanga ndisingawirirane nemafungiro ake pane zvaaiiedza kuita. Asi, munoona, ndemumwewo munhu. Uye ndanga ndisingawirirane nehurongwa hwake hwechitendero. Nda—ndanga zvemazvirokwazvo ndisingawirirane nazvo. Asi, zvakadaro, a—akarerwa nenzira iyoyo. Ndzivo—ndzivo zvazvaive. Sezvandambotaura, pamwe dai akanzwawo chimwe chinhu chakasiyana, zvingadai zvakasiyana.

⁸ Tine chi—chinhu chatinoita pano, chokuti pese panofa mumwe wevanhu vedu, kana chimwe chinhu, kunyangwe hako kunze...Ndinofunga se—sechechi yemuAmerica, seboka revanhu vemuAmerica... .

Vanhu vemuAmerica vakavhotera VaKennedy kuva Mutungamiri venyika. Uye ndzivo zvakanga...Ndicho chikonzero isu tiri gutsaruzhinji. Handina kuvhotera VaKennedy. Ndakavhotera VaNixon, nokuti ndaiziva VaNixon, pachangu. Uye nda—ndaivafarira, uye nda—uye ndakavavhotera, pachangu, nokuti ndaivafarira. Asi vanhu venyika ino, vemuAmerica, vagarisani pamwe neni munyika ino, vakasarudza VaKennedy. Uye maitiro avakazviita, zvakanaka, zviri pakati pavo naMwari, asi ndzivo zvazviri.

⁹ Asi ndinofunga, nokuda kwaamai ava, vari munhu, amai vevana, Mai Kennedy, hatingagoni here kumira kwechinguvana kuvanamatira?

¹⁰ Ishe Jesu, isu vanhu, tine kunzwirana mumwe kune mumwe. Uye tine urombo, Ishe, kuti Mutungamiri wedu venyika akapfurwa sezvaakaitwa, nehumhondi husina tsitsi. Uye tine urombo kuti nyika yedu yasvika pachinhanho ichi,

chekuti vanhu vakadaro vari—vari munyika yedu, vanogona kuuraya munhu nenzira yehumhondi husina tsitsi; sekupfura kwavakaita hama iya yechitema nguva pfupi yapfuura, ndokungomupfurira chaizvoizvo muhumhondi husina kana tsitsi, nekuda hwekuzvidza kwerusaruraganda. Uye tine urombo kuti vanhu vakadaro varipo pakati pedu, Ishe. Isu, kusasimba kwedu, ndiko kwazviunza izvi.

¹¹ Uye tinonamatira Mai Kennedy, mudzimai weuyu, Mutungamiri wenyika. Tichiziva kuti vana vadiki ava vaitarisira kuna baba va—vavo, vakavasiya mazuva mashoma izvi zvisati zvaitika, munhu afara, vaiita chikudo vachitamba navo pasi. Iye zvino havasisina baba. Zvino kumukadzi uyo... mudzimai wake, kuti murume wake akawira pamakumbo ake chaipo, ropa rake ndokuyerera padhirezi rake; achangoviga mwana wake.

¹² Uye zvakadaro, Ishe, tinogona kutenda kuti mudzimai uyu ari mukukanganisa, mu—mu—munzira yaakatungamira semuenzaniso munyika, pamapfekero ake nezvakadaro; asi izvozvo—izvozvo zviru kuvanhu vemuAmerica, vose, ivo, ndizvo zvavanoda. Saka ti—tinovanamatira, mangwanani ano, kuti Muvabatsire. Uye dai pakava nenguva mukuremerwa kwakadzama kwekushaikirwa uku kuti awane Chokwadi, Jesu Kristu! Zviitei, Ishe, Imi moga Munogona kupa rugare nenyaradzo munguva yekutambudzika.

¹³ Uye tibatsirei, Ishe, kuti tirambe tichiva, nemoyo yedu yose, chiedza chinopenya, nokuti hatizive kuti inguva ipi kana irunziro yakadini yatingave tiinayo pane mumwe munhu. Ngativhenekere Chiedza chaKristu kusvikira Achiuya. Ipapo Mufudzi Mukuru weboka remakwai, Iye anoziva kururamisira kwose, achaunza muripo wechivi chose, uye Achaziva maitirwo azvo. Uye kusvika ipapo, tinozviisa mumaoko eNyu, kuitira rudo rweNyu netsitsi pamusoro pedu. Muzita raJesu. Amen.

¹⁴ Hongu, handifungi kuti pane munhu akakodzera kufa zvakadaro. Zvino, VaLincoln vakanga vasingakodzeri kufa zvakadaro. VaMcKinley vakanga vasingakodzeri kufa zvakadaro. Huey Long akanga asingakodzeri kufa zvakadaro; hapana kana umwe wevarume ava. Handitendi mune zvakadaro. Humhondi, hwakaipa. Vakomana vedu havana kurwa vari mhiri kwemakungwa nekuda kwechinhu chakadaro. Mureza wedu hauna kusimudzirwa chinhu chakadaro. Hatisi vagari vemuAmerica nekuda kwechinhu chakadaro. Kwete. Nyangwe, nyika yedu yakanzvongamiswa nekumonyororwa nechivi, ndizvo—ndizvo zvinokonzereswa zvinhu izvi. Icho chivi.

¹⁵ Zvino, nhasi tine...Ndiri kuzodzidzisa Sunday school, nezvimwe zvinhu zvisihoma hazvo zvandiri kuda kutaura kuchechi. Uye ndicho, chinhu chekutanga, Ndinoda kuti mundiregererewo nekukubatai kwenguva yakareba neSvondo mangwanani pandinenge ndine Mharidzo idzi. Uye zvekare

kana Ishe vachida. . . Chikonzero chandinovziitira, ndechekuti ndi—ndiri pano pakati pevanhu vangu uye ndi—ndinodzidzisa dzidziso dzakangosimba sezvandinoziva. Handidzidzise dzidziso idzi kunze kune dzimwe nzvimbo. Ndinongomira pa—panheyo huru dzepamavambo dzeVhangeri. Asi dzidziso idzi dzakasimba, ini—ini handidzidzise kunze ku—kune dzimwe nzvimbo. Uye zvino, pano, zvinonditorera awa imwe chete, dzimwe nguva, maawa maviri kana matatu, kuti ndipedze Mharidzo yangu. Uye ndinokuchengetai pano kusvika dzimwe nguva, twelve-thirty, one o'clock. Zvino izvi zvidiki pane zvandaimboita. Ndaigara husiku hwese, potse, dzimwe nguva. Ndaienda, taitanga, nguva zhinji, kuma eight o'clock tozoenda kumba mangwanani anotevera na two kana three, ndizvozvo, kubva kumisangano.

¹⁶ Asi ndi—ndi—ndichaedza kuti, kana ndava nemi zvakare, uye ingori di—diki. . . mharidzo panzvimbo yekudzidzisa kwakawanda kweizvi, kunze kwekunge ndakuzivisai pachine nguva kuti zvichava zvimwewo. Nokuti, ndine Hwamanda Nomwe, ndinotenda, dziri kuuya, dzinobatana pamwe neChisimbiso cheChitanhatu. Pakarira Chisimbiso cheChitanhatu, Hwamanda Nomwe dzose dzakabva dzangorira kamwe chete, munoona. Uye zvino isu. . . ndinoda kuzviunza kuChechi Kuuya Kwake kusati kwasvika, kana. . . kana kuenda kwangu, kana chero zvazvingava, kana ndichikwanisa.

¹⁷ Zvino, kana tikadaro, ipapo tichakuzivisai pachine nguva. Uye pamwe ipapo, sezvatiri kuona mangwanani ano, mahoro akazarisa, nemumadziro, nekwakapoterera, tichaedza. . .Tine nzvimbo zvino yatinogona kuzowana neche kumusoro kuno. Inogara vanhu vangangosvika zviuru zvitatu, uye iodhitoriyamu yakanaka yechikoro chiri pamusoro pedu pano. Uye Hwamanda Nomwe, tichaedza kudziparidza kumusoro uko pachikoro ichi. Uye zvichatipa nzvimbo yakawanda yepokugara, munoona, kuti tigone kupinza vanhu mukati.

¹⁸ Tinoda kuzivisa, kuNew York, takava nenguva yakaisvonaka. MuMorris Auditorium imomo, takatodzosa vanhu, manheru ega-ega. Vanga vakamanikidzana mukati. Vemoto. . .Murume aive muridzi wenzvimbo. . .Uyo anoongorora nezve njodzi yemoto aizovhara nzvimbo yacho dai takavasiya vakamira, vakamanikidzanana saizvozvo. Saka takatovaburitsa panze. Zvino vanhu kunze mumugwagwa, vaifamba vachikwira nekudzika nemugwagwa, vachinamata kuti pada mumwe munhu achaneta osimuka obuda, kuti vapinde vowana pokugara. Maona? Munhu mumwe bedzi, vaingomirira munhu mumwe chete kunze uko, kuti vazopinda. Zvino uyo aitevera ari pamusuwo, zvino vaipinza mumwe saizvozvo. Kana mumwe munhu akasimuka achibuda, aifanira kuenda kumba nekukurumidza, saka, vaiuya mukati kuzogovana zviripo. Munoona, vaiuya. Zvakanaka chaizvo, boka revanhu

vakanaka. Uye ndinotenda kuti nyika, chechi yeMakristu, ine nzara yaMwari.

¹⁹ Zvino ndiri—ndiri—ndiri kuvimba kuti . . . Ndatenda, hama. Ndiri—ndiri kuvimba kuti—kuti Mwari vachatipa mukana uyu, patinogona kuuya pamwe chete tova neHwamanda Nomwe dzekupedzisira dziya. Ndinofarira kutungamirirwa kuita zvinhu izvozo, kuitira kuti muzive.

²⁰ Zvadaro pakudya kwemangwanani kwevarume vemabhizimu . . . Kazhinji, bato ravo ikoko, ndinofunga vakati vane kubva pamakumi mashanu kusvika pazana pakudya kwavo kwemangwanani. Zvino mangwanani iwayo vakatengesa matikiti chiuru chimwe nemazana manomwe, ndokusiya imwe nzvimbo yese, kuti vazadze nzvimbo yacho. Uye munzira dzese, nekwakapoteredza madziro, nekukwira nekudzika nemasitepisi, makange makamira nevanhu. Uye vamwe vashumiri vane zvinzvimbo zvepamusoro, vapisita vashoma, ne—nevamwe vakadaro, vaivepo kuti vanzwe Mharidzo. Uye saka, ndinonzwisisa, ndinotenda kuti zvakabatsira zvisihoma. Zvingadai zvakaitea zvimwe—zvimwezve, zviri nani pane zvatinganyatsofunga kuti zvingave.

²¹ Iye, zvino, manheru ano . . . Tichava ne . . . neMharidzo manheru ano, Ishe vachitendera, pachi—pachidzidzo che—chezve, maererano nezvinhanho zvako naKristu. Uye zvino icha . . . Ichava pfupi. Tinoda kutanga, ndinoda kuva papuratifomu na seven-thirty. Kana . . . Inguvai yamunosiwanzotanga, na seven-thirty? [Imwe hama inoti, “Tinotanga na seven-thirty, asi tichatanga naseven.”—Mupepeti] Oo, seven, uye ndichange ndave papuratifomu na seven-thirty, uye zvinofanira kuita kuti ndibvepo naeight-thirty, kana Ishe vachitendera, nokuti ndi—ndinongo . . . Ndichangokurumidza nepandinogona napa, uye ndiri kuzotanga kudzidzira.

²² Zvino chimwe chinhu, ndechokuti, vangangovemo vaenzi vari kunzwa vanhu vachiseka. Nokuti, ndinoedza kubva pano, asi handikwanise kuzviita. Zvinoita sekuti . . . Ndinovimba kuti hazvinzwiki sekumhura, asi amai vangu vaiwanzoti, kana vanhu vaungana pamwe chete saizvozo, zvakangofanana nemanyuchi emapfunde pamangwanani anotonhora. Munoziva, akakora, uye anononoka kuyerera. Saka zvino ndizvo zvakavakada kunge zviri. Ndinofamba zvisihoma muMharidzo idzi, nokuti ku—kutapira kwenzimbe yaMwari, munoziva, kunoita sokutibatidza pamwe chete. Uye ini—ini—ini handidarwo, handingazvide neimwe nzira. Ndi—ndinongozvida saizvozo. Apo, ndinorangarira kuti taimbosimuka tichiimba rwiyo rwuya:

Ngachirofadhwe chisungiso chinosinganidza
Moyo yedu murudo rweChikristu;

Kuwadzana kwedu kwepfungwa dzehukama
kwakaita sezviri Kumusoro. (Maona?)

Taparadzana,
Zvinotipa marwadzo emukati;
Asi ticharamba takabatana mumoyo,
Uye totarisira kusanganazve.

²³ Uye ndi—ndinovimba kuti richagara riri donzvo redu—redu pano. Vazhinji vevatsvene vakare vakavata kubva ipapo, asi isu tichiri takabatanidzwa mumoyo. Uye ndinofunga chiratidzo chiya mangwanani aye, chekuvaona vari mhiri ikoko, uye ropafadzo nokubwinya kwehuduku hwevarume nehudzimai, vachiri kuratidzika sezvavaiva pano, pavakanga vari panyika pano. Ndinofunga vakamirira kuuya kwedu. Nerimwe zuva tichabatana navo, Mwari vachitendera. Zvino ini—ini . . .

²⁴ Uye rangerirai shumiro, shumiro dzenziyo dzichatanga na seven o'clock manheru ano, panzvimbo yaseven-thirty.

Uye zvadaro, svondo rinouya, ndiri kuShreveport, Louisiana, ikoko kuLife Tabernacle kuShreveport, Louisiana. Uye ndinofunga kuti vari kuyedza kuwana odhitoriyamu iri mhiri kwemugwagwa. Hama Moore vakafona nezuro manheru, vakati . . . Ikonivhenisheni yepagore, uye vari kutarisira vanhu vazhinji kwazvo.

²⁵ Ndinoda kupa kachapupu kadiki ndisati ndaverenga Magwaro. Mu—mumwe mudzimai akanga agere pano rimwe zuva, pakange . . . Ndinokuudzai zviri runziro yemumwe munhu ari kunamatira mumwe. Zvangoitika kuti ndatarisa zasi ndokuona mumwe mudzimai ndikango . . . Margie Cox, mudzimai weHama Rodney Cox agere pano. Zvino svondo rapfuura, ndinotenda ndizvo, pataive pano, Mweya Mutsvene wainzvera muzvivakwa, munoziva, maudzirwo avanhu. Zvino akanga akagara . . . Akagara pano zvino. Asi akanga ari neche pamberi apo pane imwe nzvimbo. Uye nda—ndakatarisa ikoko, zvino paiva nemudzimai aka—akadaidzwa, aiva nechirwere cheshuga. Uye Margie akanga . . . Zvino muchiratidzo aive Margie. Zvino Margie akanga akamira apo; asi zvakadaro ndakatarisa zasi, ndikamuona, uye akanga ari . . . Zvino ndakafunga . . . Zvino ndokutarisa kuti ndione mumwe mudzimai uyu, uye Margie aive muchiratidzo, asi Chiedza chaive pamusoro pemudzimai wacho. Saka nda—ndakatarisa.

²⁶ Zvino ndakafunga, saka, kana ndikadana Margie, vanozoti, “Chokwadi, uyo, chokwadi.” Pane anovaziva, voti, “Handiti, iye—iye . . . Murume wake angori mumwe weshamwari dzake—dzake dzepamoyo. Vanogara pamwe chete, vanorara pamwe chete, vanovhima pamwe chete, ne—nezvose. Chokwadi, ndizvo, anotozviziva.” Asi Margie anga asiri kuzviziva izvozvo. Asi ndakadana mumwe mudzimai wacho, ainge ari . . . Ndinotenda,

yakanga iri hanzvadzi yaibva kuChicago, sezvandakazoziva gare-gare.

²⁷ Asi kwakazouya, kuti imo make...mufekitari, vari kuongorora chirwere cheshuga. Zvino—zvino aiva nechirwere cheshuga. Zvino akanga ari munzira yake, nemarimwezuro acho, achienda kukiriniki nekuda kwayo. Zvino—zvino paakazvitaure, ndakabva ndamurangaridza pamusoro peizvi. Ini ndikati, “Huyai pano, Hanzvadzi Margie.” Ndokumuudza nezvekuti anga ave kuita chiveve mumaoko ake, uye—uye kuti aive nemanzwiwo akashata kwazvo.

Mudzimai mudiki uyu anoshanda siku nesikati, potse, kumusoro uko, kune...amai vadiki vakavimbika, kubatsira murume wavo kubhadhara imba yavo yavari kuedza kuvaka. Uye—uye iye nemunin’ina wake muduku, Nellie, naCharlie, munun’una waRodney, mudzimai wake, uye vose vachishanda pamwe chete mumafekitari ikoko, zvakaomarara nepavanogona napo pose. Uye vachimisidzana nekuzvidzwa. Vakasiya vhudzi ravo richikura, uye vakabvisa pendi dzekumeso, zvinhu zvakadaro, pavaKava Makristu. Ndinotenda mukupa rumbidzo pakakodzera kurumbidzwa. Uye ndine nzvimbo yakakosha mumwoyo mangu yeiwaya madzimai echidiki maviri.

²⁸ Zvino ndokumubata ruoko ndokumunamatira. Zvino akaendako, uye havana kukwanisa kuwana kana muhwezva wechirwere cheshuga chero papi zvapo. Chakaenda, ndizvo.

Mumwe mudzimai akagara muno pane imwe nzvimbo, akadanwa, yaiva hanzvadzi ine zita rekuti Bruce. Ini handisi kuvaona mangwanani ano, asi vaigara nguva dzose... Mukadzi akasimbira mukunyengetera. Zvino mudzimai uyu akauya uye, yaive nguva yandakapedzisira kuuya pano, uye pakanga pasina—pasina makadhi ekunamatirwa akanga apiwa, kana hawo, saka hapaizova nemunhu, pasina mutsara wekunamatirwa, saka vakango... Mweya Mutsvene wakangodaidza muungano.

²⁹ Zvino Muzvare Bruce mudiki uyu, aiva—aiva akapodzwa kamwe, pachake, nekenza. Zvino iye—zvino iye anogara aine mutoro pamwoyo wake nokuda kwomumwe munhu, uye akanga achingonamata. Uye paiva nomumwe mudzimai aibva kuLouisville, akanga achifa, nekenza pahuro. Zvino paakanga achinamata, Mweya Mutsvene wakaenda kumudzimai iyeye, ndokumudana, nechero izvo zvaWakaita, kumuudza kuti aive ani, wakamuudza, waro, kuti aive ani, uye kuti dambudziko rake raive rei, uye nezvekunge aine kenza, ndokuti iye, zvichanaka. Zvino mudzimai mudiki ndokuenda kumba.

Mazuva mashoma mushure maizvozvo, akatanga kudzipwa zvekunge achafa, potse, nepahuro pakanga pangozvimba kwazvo. Akaita gosoro rakakura, zvino kenza ndokusvetuka ichibuda. Zvino akanaya. Maona?

³⁰ Chakaitika, munoona, bundu, pacharo, chirwere chinopararira nemuviri chine hupenyu machiri. Maona? *Kenza*, inobva kune i—izwi, izwi rezvokurapa, rekuti “gakanje,” zvinoreva kuti ine makumbo akawanda, se—segakanje raunowana kubva mugungwa uye—uye inosveta ropa rako kubva mauri. Uye bundu rinopararira iri raive pahuro pake, rakanga, ndizvo zvaraiita.

Zvino, munoona, handisi kushanda nebundu. Ndiri kushanda nehupenyu huri mubundu. Maona? Hupenyu huri mubundu ndihwo hwatiri kushanda nahwo. Maona? “MuZita raNgu vachadzanga madhimoni.” Shoko rokuti *dhimoni* “mutambudzi,” se womuviri. Zvino iri raiva dhimoni. Zvino ipapo hupenyu pahwakabuda mubundu, ndizvo, zvakaita kuti bundu richitanga kuzvimba.

³¹ Zvakangofanana nekambwa kadiki katsikwa mumugwagwa, zvimwe zvakada kudaro, karege kagarepo muzuva kwemazuva mashoma, zvino, kanokura zvakapetwa kaviri.

Saka, ndizvo zvaiita kuti mudzimai mudiki awedzere kurwara. Nguva zhinji ndakazvitsanangura. Kana ukawedzera, ndicho chiratidzo chekuti wapodzwa, maona. Saka yairamba ichiwedzera kuipa nguva dzose, uye ichimudzipa, nokuti paizvimba. Uye chi...Asi yakanga yaredgedza, hupenyu hwakanga hwabuda mairi. Zvino iye achikosora saizvozvo, munoona, [Hama Branham vanokosora—Mupepeti] saizvozvo, yakakwakuka, zvikaidzura kubva pane imwe nyama yake. Zvino chinhu chakafa, ungori mutumbi usina hupenyu mauri, kenza yaenda, yakasvetukira kunze, munoona, ndokudonhera kunze.

³² Saka, ndizvozvo, mutumbi wakabuda ipapo. Akanga asiri dhiyabhore akabuda. Ndiyo yakanga iri imba yaaigara. Rakabuda nokuda kwokutenda kwomukadzi mune zvaakaudzwa, achiziva kuti Jesu Kristu mumwe chete zero, nhasi, nekusingaperi, ndizvo zvakaurya kenza, zvikaburitsa hupenyu.

Zvino, angangodaro akadzokera kuna chiremba, chiremba ndokuti, “Hazvina maturo, icho—icho—icho chinhu chingoripo sezvachaive chiri nguva dzose.” Asi ndizvozvo hazvo, bundu raivepo, asi kwete hupenyu, hwakanga husipo. Maona?

³³ Zvino, ko dai paiva pamwe payaisakwanisa ku—kuti ibude?

Ndiwo mufananidzo wacho here? [Hama Neville vanoti kuna Hama Branham, “Ndiwo mufananidzo webundu rakabva muna Mai Baker, vanobva kuSpringville, Indiana. Uye ivo...Uyu ndiwo mufananidzo wakakudzwa, rechavakaburitsa, mushure memunamato.”—Mupepeti] Heunoi mufananidzo webundu rakabva muna Mai Baker, vekuSpringfield, Indiana, rakabuda, mushure memunamato. Ndiwo mufananidzo waro. Munoona, ndiwo mutumbi waigara dhiyabhorosi.

Sezvaunogara mumuviri uno waunogara mauri; unogona kuva mudiki, muhombe, wemusoro mutsvuku, musoro mutema, chero zvazvingava. Maona? Dhiyabhorosi anogara mumuviri uno, kana kuti Kristu anogara mumuviri iwoyo. Zvakanaka, zvino kana hupenyu hwabuda imomo, mutumbi wako uchiri pano panyika, munoono, asi hupenyu haumo.

Hupenyu pahwakabuda, mutumbi wakanga uchiri ipapo. Zvino ndokubva wakwachuka uchibva pamuviri wake zvino ukakandwa kunze, mutumbi wakabuda kunze.

Asi kana riri munzvimbo parisingakwanise kubuda, zvino mwoyo wako unofanira kunonga chinhu chakafa ichi zvino wochenesa ropa, nguva yese yaunorova. Zvinokonzera fivhiri, nezvimwe zvese, nekuti hutachiona. Maona? Uye mwoyo wako unofanira ku...Ndinofunga kuti moyo unochenesa ropa parinenge richipfuura. Ndizvo here, Hanzvadzi Dauch? Ndinofunga kuti ndizvozvo. Mwoyo, paunenge uchirova, unochenesa. Mukoti, munoziva, nemumwe agere pano pamberi pavo. Kuchen-...unotora...Uye ndizvo zvinokonzera fivhiri kubva pahutachiona. Rinotora utachiona uye—uye zvokwidza fivhiri.

³⁴ Zvino, vanhu, munoono, kutenda kwenyu. Haasi manzwiwo enyu. Hachisi chinhu, zvingave zvakadaro, kana ruoko rwangu rwungave rwusina kutwasuka. Hazvinei nechekuita nazvo. Kutenda kwangu ndiko kunozviita izvozvo. Maona? Pamberi pedu chaipo, tinoona mufananidzo wemunhu akapodzwa zvakanakwana, nokutenda. Uye zvino tinongoita nhanho nenhanho kusvikira tapinda mumunhu iyeye, tobva tangoenderera mberi nazvo. Maona? Hezvoka izvo. Uye ikoko, ndiko kunozviita, kutenda kwako; kwete manzwiwo ako. Kutenda kwako kunozviita. Kuvonga nerumbidzo ngazvive kuna Mwari!

³⁵ Zvino kwechinguvana chemunamato, uye tine chidzidzo pano chatiri kuda kuti tione nezvacho, nechinguva chidiki icho Ishe vachashanda nesu maererano nacho.

Uye, zvino, uye kana vamwe venyu vachifanira kuenda mangwanani ano, uye vasingazove mushumiro yamanheru, Ishe vachida, ndi—ndinoda kuva pano zvakare. Mhuri iri kudzoka svondo reKisimusi. Uye zvararo, Svondo inotevera mushure meKisimusi, Ishe vachida, ndinoda kuparidza Mharidzo yangu yeKisimusi pano patabhenakeri; Svondo inotevera mushure meKisimusi. Ishe vachitendera, musoro wenyaya uchava, *Rombe Mumuguwaga*.

Saka ngatikotamisei misoro yedu zvino tinamate tisati taverenga chinyorwa.

³⁶ Ishe Jesu, Ivai pedyo nesu panguva ino. Uye tinoziva kuti zvakaoma muchechi yedu diki, uye kana vazhinji vakamira. Uye—uye isu hatisi pano nekuda kwehutepfetepfe hwenzvimbo,

zvinotipa kugara muhutepfetepfe panyama, nekuti haina hutepfetepfe. Uye isu hatisi pano kuti tioneke. Asi tiri pano nokuti takanzwa Hupo hweNyu. Uye tinoziva kuti Muri pano. Uye tiri pano kuti tigadziriswe. Uye tiri pano, tichiziva kuti tiri mumba maMwari. Uye tinonzwa zvakanaka kuva pano, zvisinei kuti hazvina kugadzikana zvakanaka, kumira, uye—uye nekugara makamanikidzana, asi tiri pano nekuti ti—tinonzwa kuti Mwari vari pano.

³⁷ Uye manzwiro mamwe chete ayo mukomana uye anofanirwa kunge akanzwa usiku huya, apo Pauro akaparidza usiku hwose, yaiva mharidzo yakareba sei, kubvira pamwe pakuvira kwezva kusvika pakubuda kwezva, mangwanani akatevera. Zvino mukomana wechidiki agere kumusoro-soro, akadonha uye vakafunga kuti akanga afa. Ipapo Pauro akaradzika mutumbi wake pamusoro pake, uye Mweya waMwari wakanga uri pamutumwa wakadzosa mweya wohupenyu mumutumbi wemukomana. Uye akati, “Achaita zvakanaka,” uye jaya ndokurarama. Aifarira zvaitaurwa naPauro.

³⁸ Uye, Mwari, tinofarira mangwanani ano izvo Mweya Mutsvene ungataure kumoyo yedu. Uye tinonamata kuti Mugomedura Chingwa cheHupenyu kune mumwe nemumwe wedu, kuti patinobva pano nhasi, kuti hatizobvi muchivakwa chino tiri vanhu vamwe chete sezvatanga tiri patapinda. Dai Makristu aswedera pedyo neMi. Dai vatadzi vatendeuka nhasi. Dai vanorwara vapodzwa. Uye dai Humambo hwaMwari hwaswedera pedyo nesu, kana kutoti huve matiri. Nokuti tinozvikumbira nemuZita raJesu Kristu, apo takamirira paMweya waKe kutipa maShoko. Amen.

³⁹ Zvino ngativerengei mamwe eMagwaro, anova...Shoko raMwari rinogara rakarurama nguva dzose.

Uye zvino, uye mose, ndiri kuona mune moyo munyoro kune avo vakamira. Ndaona mumwe munhu achisimuka ogara pasi, opa mumwewo munhu pekugara. Zvakanaka chaizvo. Ndinoshuva kuti dai tanga tine imwe nzvimbo, asi hatinayo, zvino panguva ino.

Vhurai kuna Mateo 27, uye tichaverenga kubva pandima 11, uye zvadaro tozotaura pamusoro pechidzidzo ichi.

Zvino Jesu wakamira pamberi pomubati: zvino mubati akamubvunza, akati, Ndiwe Mambo uamaJudha here? . . . Jesu akati kwaari, Ndizvo zvamataura.

Asi wakati achipomerwa mhosva navapisita vakuru navakuru, haana kupindura chinhu.

Zvino Pirato akati kwaari, Haunzwi here zvinhu zvizhinji zvanokupomera?

Asi haana kumupindura kunyange neshoko rimwe chete; zvekuti mubati akashamiswa zvikuru.

Zvino pamutambo mu—mubati . . . aisunungurira vanhu musungwa mumwe, wavanenge vada.

Zvino nenguva iyoyo paivapo nemusungwa wakaremekedzeka, wainzi Bharabhasi.

Naizvozvo vakati vaungana pamwe chete, Pirato akati kwavari, Munoda kuti ndikusunungurirei aniko? Bharabhasi, kana Jesu anonzi Kristu?

Nokuti wakanga achiziva kuti vakanga vamuisa kwaari negodo.

Zvino wakati agere pachigaro chokutonga, mukadzi wake akatumira kwaari, achiti, Usava . . . nechokuita nomunhu uyu wakarurama: nokuti ndatambudzika zvinhu zvakawanda nhasi pakurota nokuda kwake.

Asi vaprisita vakuru navakuru vakagombedzera vanhu vazhinji kuti vakumbire Bharabhasi, uye vaparadze Jesu.

Mubati akapindura akati kwavari, Munoda kuti ndikusunungurirei upiko wevaviri ava? . . . (Chimbofungai nezvazvo!) . . . Vakati, Bharabhasi.

Pirato akati kwavari, Ndichagoiteiko zvino naJesu anonzi Kristu? Ndichagoiteiko zvino naJesu anonzi Kristu? Zvino vose vakati kwaari, ngaaroverwe pamuchinjikwa.

Zvino mubati akati, . . . chakaipa chaakagoita ndecheiko? Asi vakanyanyisa kudanzira, vachiti, Ngaaroverwe pamuchinjikwa.

Zvino Pirato achiona kuti hapana zvaangaite, asi kuti pomuka bope, wakatora mvura, akashamba mawoko ake pamberi pavanhu vazhinji, achiti, Handine mhaka neropa romunhu uyu wakarurama: zvionerei.

Ipapo vanhu vose vakapindura, vakati, Ropa rake ngarive pamusoro pedu, navana vedu.

Zvino akavasunungurira Bharabhasi: asi akati arova Jesu, akamuisa kwavari kuti aroverwe pamuchinjikwa.

⁴⁰ Mufananidzo unosuwisa zvakadini! Ndinodana musoro wenyaya yeizvi, kana muchida kuzvinyora saizvozvo, kana kuti kuzvidana saizvozvo. Uye pamwe tepi ingada kupiwa musoro wenyaya wokuti: *Ndichaita Sei NaJesu Anonzi Kristu?* Uye chidzidzo chandinoda kushandisa, mushure meizvi zviru musoro wenyaya; Ndinoda kushandisa chidzidzo, “uina Jesu mumaoko ako.” Uina Jesu ari mumaoko ako, uchaita sei?

⁴¹ Chiitiko chedu chinotanga, mangwanani ano, muhora yekutongera; uko Pirato, mubati, akadanwa panzvimbo, kuti—kuti aite chimwe chinhu uye—uye agopa mutongo. Akanga ari mambakwedza, apo zuva risati rabuda, akamutswa

achiine hope, uye—uye akanga adanwa kuti anzwe nya—nyaya yeMurume uyu.

⁴² Yakanga iri nguva yekurovererwa pamuchinjikwa kwaIshe neMuponesi wedu, Jesu Kristu. Akanga—Akanga asina chaakaita, sechavaigona kuwana maAri, uye Akanga—Akanga apindura zvose. Yaingova nguva yazvaifanira kuva zvakadaro.

Hapana chinogona kuitika pasina chimwe chiri shure kwacho chinokonzerwa kuti chitike saizvozvo. Panofanira kuva nechikonzero chazvose zvinoitika. Nokuti chino—chinofemerwa, chaizvo, nemwe—mweya uri muzvisikwa, uye uri muvanhu, nezvakadaro. Pane chinangwa, chinangwa chazvo, uye ne—uye ne donzvo, zvekare panofanira kuva nechikonzero.

Uye icho, chikonzero izvi zvaifanira kuitika kuMunhu mukurusa ati amborarama panyika, kana aizorarama; chikonzero zvakaitika nenzira iyi, nokuti yakanga yava nguva yokuti zviitike. Maona? Zvinofanira kuva saizvozvo, uye pakanga pasina nzira yokuzvinzvenga nayo. Iyoyo, yaifanira kuva nguva yacho.

Uye Jesu akanga auya panyika nenzira chaiyo iyo Shoko raMwari rakanga rafanotaura kuti Achauya nayo. Akaita chaizvo zvakataurwa neShoko kuti Aizoita. Akararama hupenyu, chaizvoizvo, uye Mwari vakazivisa, kana kuratidza, Mbeu yenguva iyoyo. Zvino rangarirai, Mwari . . .

⁴³ Bhaibheri rinotangira muna Genesi richienda kuna Zvakazarurwa. Zvino hechino chidzidzo chandi—ndinoda kuti munzwisise, kuti . . . Munoono, muchizvarwa choga-choga zvakataurwa, muBhaibheri, nezve chimwe chinhu chichiitika muchizvarwa choga-choga.

SaDhanieri akaona chi . . . akadudzira chiroto chaNebhukadhineza; kuti humambo hweMarudzi huchapinda sei, uye kuti hwaizodzika sei, uye kuti vaizobuda sei. Uye mumwe nomumwe wevanhu avo vari mumarudzi iwayo nenyika idzodzo, masimba iwayo eMarudzi anotonga, akatonga nyika, akangoita chaizvo nenzira iyo yakataurwa nechiratidzo kuti aizoita.

⁴⁴ Apo Nebhukadhineza, musoro wendarama, paakatorwa, ipapo vaMedhia nevaPeresia vakapinda; uye hunhu hwavo, huri maererano nemha—mhando yesimbi, uye maererano nezvakataurwa nemuporofita, ndizvo chaizvo. Nebhukadhineza, musoro wegoridhe, unova iwo mukurusa uye nekutanga kweHumambo. Zvino vaMedhia nevaPeresia vari sirivheri. Zvino zvichidzika kusvika muzvidya, zva—zvaiva zvendarira. Uye simbi imwe neimwe inowedzera kuomarara nekuoma; goridhe riri iro rakapfava panadzo dzose. Uye inopedzisira yava simbi yedare, inova yakanyanya kuomarara pane dzose idzodzo, isimbi yedare.

Zvino, umwe nehumwe wehumambo uhwu hwakadzika chaizvoizvo, pahunhu, nenzira iyo muporofita akataura kuti hwaizova. Zvino akanga achiitei? Akanga achidyara mbeu yekuti ndudzi dzitarise, uye nguva imwe neimwe apo humambo ihwohwo pahwaiuya, hwaifanira kuita maererano nezvakataurwa neShoko.

⁴⁵ Zvino Mesia aizofanirwa kuuya panzvimbo. Zvino Kristu paakauya panzvimbo, Aifanira kupindura Mashoko aMwari aifanirwa kuzadzikiswa, akataurwa nemuporofita, ezvaAifanira kuita.

Mosesi akati, “Achava mu—Achava Muporofita akafanana neni.” Uye dai maizova. . . taiva nenguva yekufananidzira izvo zvekumashure uye nekuratidza kuti sei panguva huru iyi, apo Israeri yaive muhupapwa neEgipita, zvekuberekwa kwaMosesi ari mwana asinganzwisike, akatsaurwa; uye kuti a—akauya sei, uye akarerwa hake, uye kuti akavanzwa sei mutsanga; uye kuti akazova sei mutungamiri, akaenda mumakomo akatora murawo, ndokudzoka zasi. Uye akanga asingori mutungamiriri bedzi; asi akanga ari muprisita, namambo, nomubati. Zvinhu zvose izvo, uye kuti zvakafananidzira Kristu chaizvoizvo. Mosesi ndokuti, “Jehovha Mwari wenyu achakumutsirai Muporofita akaita seni.” Maona?

⁴⁶ Zvino, Kristu paakazvarwa, Israeri yaive zvakare muhupapwa neHumambo hweRoma. Zvino Aiva chii? Akazvarwa ari Mwana akatsaurwa, uye asinganzwisike, karererwo kaKe. Kuti Akakwira sei mumakomo, akaburuka ndokuti, “Makavanzwa vachiti, ivo venguva dzekare, ‘Usaba.’ Makavanzwa vachiti, ‘Usaita upombwe,’ asi iNi ndinoti, ani naani anotarisa mukadzi kuti amuchive, watoita upombwe nechekare.” Mupi weMurairo, munoona, naMambo, Muprisita, Muporofita, chaizvo sezvakangofanana naye. Saka zvinhu zvose izvi zvaifanira kuzadzikiswa, uye chikamu ichi chiri ipapo chehupenyu hwaMesiya, paya pahwakasimbiswa zvakakwana.

Zvino, ichi chinogona kunge chiri chidzidzo chekupedzisira chakareba chekuti ndidzidzise kwechinguva. Ndinoda kuti munyatsozvibata zvino.

⁴⁷ Kana Shoko ratotaurwa riri rechimwe chizvarwa chakatsaurwa, panozova nemunhu anosimuka panzvimbo achizadzisa Shoko iroro, nokuti Mwari vakaRitaura. Kusimbiswa kweShoko rakataurwa. Uye Jesu akava nezvose zvazvaitora, uye aive Shoko, rakasimbiswa saMesia, chaizvoizvo. Kune zvakare Mashoko, akataurwa muBhaibheri, ezuva rekupedzisira. Mashoko iwayo anofanira kuuya kuhupenyu.

⁴⁸ Uye tinoona pano kuti, paya mumazuva aShe wedu, chechi yakanga yatoMuramba asati Auya kuhoro yokutongera yaPirato. Vakange vaMuramba, kubva pazuva chairo shumiro yaKe yakatanga kuporofita nekuvaudza Chokwadi pamusoro

peShoko. Zvino, havana kuzvinzwisisa, kuti Iye, ari Munhu, aikwanisa sei kuziva zvakanga zviru mumwoyo yavanhu. Vaisaziva, kuti, Shoko ndiMwari! “Uye Shoko,” Bhaibheri rakati, “munzveri wemifungo nezvitsvako zvemoyo.”

⁴⁹ Uye vaida kuMudana kuti mweya wakaipa. Akati, “Ndinokuregererai pana izvozvo. Asi kana Mweya Mutsvene wauya kuzoitira chinhu chimwe chete, kutaura shoko rimwe rinoUpikisa hazvizoregererwi.”

Uye zvinhu zvose izvi zvaAkaporofita kuti zvichaitika muzuva rino, chimwe chinhu chinofanira kuzviunza kuhupenyu. Asi kana Raunzwa kuhupenyu, Richange rakasiyana zvikuru nekufunga kwevanhu kuti ndizvo zvaRiri, kusvikira vachange—vachange vari Vasanganurwa chete vachaRiona. Nguva dzose, Vasanganurwa chete ndicho chinhu choga chinoRiona, nokuti Vakanganurwa uye vakagadzwa kuti vaRione. Naizvozvo, hazvingagoneke, neimwewo nzira.

⁵⁰ Jesu akati, “Haugoni kuuya kwaNdiri. Hapana munhu angagona kuuya kunze kwekunge Baba vaNgu vamudhonza; uye vose vaAkaNdipa vachauya kwaNdiri.” Maona? Maona? Saka pakanga pasina nzira. Akati, “Mune maziso asi hamuone; nzeve, hamugone kunzwa.” Akati, “Chaizvo Isaya wakaporofita pamusoro penyu.” Maona? Chiporofita chaIsaya chichisimuka, chichiratidzwa.

Musazvikanganwa izvozvo, pano kana muteereri wetepi, kuti Shoko raMwari rinofanira kuratidzwa. Mwari vanosungirwa kuona kuti Razviita.

⁵¹ SaJohane Mubhabhatidzi akafanogadzwa kuti afanotungamira kuuya kwaKristu, paifanira kuva nomunhu anosimuka kuti atore nzvimbo iyoyo. Shoko iroro rinofanira kuzadzikiswa.

⁵² Zvino Jesu paakauya saMesia akazodzwa, ndokuita chaizvo izvo zvakataurwa neShoko raMwari kuti Aizoita; asi zvakadaro maJudha vakanga vachitsvakawo chimwe chinhu, “Mambo aiuya akabata tsvimbo yedare muruoko rwaKe,” izvo zvaive zvinguva yemberi-mberi. Asi Akazadzisa Shoko rose.

Ikoko rimwe zuva muKapenaume, paAkatora Gwaro akaverenga, (makacherechedza here?) Akangoverenga chikamu cheGwaro iroro. Zvino ipapo Akaisa Bhuku pasi, ndokuti, “Nhasi uno izvi zvazadzikiswa.”

⁵³ PaAizofanira kuparidza gore rejubheri, zvino, sei Asina kuverenga rimwe Rose? Nokuti Raitaura nezvokumwe Kuuya Kwake. Vanga vasina basa nekuzviza izvozvo. Ndezve chizvarwa icho paAchazopinda machiri.

Asi zera raAive mariri, ndicho chikonzero Aikwanisa kuti, “Rugwaro urwu rwazadziswa nhasi pameso enyu. Ipo pano maRiona. ‘Kuti ndiparidze mwaka wakafanira, nekusunga

vane mwoyo yakaputsika, nokuporesa vanorwara.” Ndizvo zvaAkauyira izvozvo.

Zvimwe zvaRo zvaiva—zvaiva kuunza kutongwa kuMarudzi, nezvimwewo, saka ndizvo zvinozotevera. Munoono, veMarudzi vaifanira kuMuramba, kutanga.

⁵⁴ Zvino, pakurovererwa, patiri nhasi pachidzidzo, chekuti, “Jesu mumaoko ako.” Shoko raMwari rakanga ranyatsosimbiswa, rakanga raratidzwa kakawanda, kuti Akanga ari mhinduro kuShoko raMwari. Apo kuti vanyori . . .

⁵⁵ Munoono, Mwari vakatogara vakaRironga. Regai vashumiri vaRinzvere. Asi, munoono, vanotoro shoko romumwe munhu nezvaRo; rimwe boka revarume. Vakapofomadzwa kwazvo kuChokwadi, zvekuti, kana Chokwadi chaziviswa, vanotadza kuChiona. Asi, munoono, Mwari vakarurama, VakaRinyora kunze uko. Vanaro rakanyorwa, imo muno chaimo muBhuku, zvichaitika nhasi, saka Richazadziswa. Asi vamwe vasina kutemerwa kuti vaRione, havafe vaRiona, maona, va—vakaRivhenganisa rose.

⁵⁶ Uye ndiyo Nzira yavakava naRo ipapo. Havana kumbobvira vakaziva kuti Akanga ari Iye. Uye nezviratidzo zvekuti Akanga ari Mutumwa wenguva iyoyo, hapana aigona kuzviramba. Muporofita waKe akataura nezvazvo; akati, “Ini, ndinofanira kuderera, asi Iye achakwirira. Handina kukodzera kusunungura shangu dzaKe, asi Akamira pakati penyu zvino,” akadaro Johane. “Uye Achauya. Zvekare demo raiswa pamudzi wemuti; uye miti isingabereki zvibereko ichabviswa musango, izvozvo, kana kubviswa mumu—munda wemazambiringa, kana kuti—kana kuti mumunda wemichero. Hauzombovemo zvachose.”

⁵⁷ Zvino, tinoona kuti zvinhu izvozvo zvakaitika chaizvo nenzira yaAkataura nayo. Aikwanisa kunzvera pfungwa dzavo dzaiva mumwoyo yavo. Aive Muporofita. Zvose zvaAkafanotaura, zvakangoitika chaizvo nenzira yaAkazvitaure nayo.

“Ndinoenda kuJerusarema. Ikoko Ndichaiswa mumaoko avanhu vatadzi. Uye vachaMubata nenzira yakaipa, uye Acharovererwa pamuchinjikwa. Uye pazuva retatu Achamuka zvakare.” Asi akati, “Moona kuti hamuna munhu wamazviudza.” Uye AkaRipofomadza kubva kwavari, zvekuti havana kuRinzwisisa kusvikira Razadzikiswa.

⁵⁸ Munoono, nguva zhinji Anotiita kuti tipofumadzwe kusvikira panguva yatinoRida. Anotiita kuti tipofumadzwe kuzvinhu zvatiri kuona nhasi, nokuti ino ndiyo nguva yatiri kuRida, kusimbisa zuva ratiri mariri. Maona? Madzibaba edu akanga asingazive zvinhu izvi. Bhaibheri rakati havaizozviziva. Vakazvivanza, uye mu—mumazuva ekupedzisira Raizoratidzwa kuvanakomana vaMwari; kana, kuita kuti, zvizoratidzwa, kuzoratidza kubwina kwaKe nerumbidzo dzaKe panyika.

⁵⁹ Uye zvoze zvakataurwa naDhanieri pamusoro pemazuva ekupedzisira, uye kuti, “Avo vanoziva Mwari wavo vachaita mabasa makuru.” Uye neMagwaro akangowanda anobatana muzuva rino ratiri kurarama mariri! Kuti nguva dzakaipa idzi, dzinonyengera dzaizovapo panyika! Uye izvo chaizvo zvatinaizvo nhasi zvinoRizadzisa.

Ivo, vakanga—vakanga vapiwa mukana wokuMuona, uye, asi vakaramba Mesia wavo chaiye.

Uye nhasi chingori chinhu chimwe chete, chinhu chimwe chetecho. Tinopiwa mukana wacho, nokuti Mwari havagoni kutonga vasina kutanga va...vachiruramiswa pakutonga kwaVo.

Zvino, kana ukaudza mu—mumwe munhu ari kudzika nomugwagwa, achimhanyisa; unomumisa, woti, “Pane go—gomba munzira zasi uko. Ukaenderera mberi nekumhanyisa ikoko, uchauraiwa.”

⁶⁰ Zvino ivo vobva vati, “Ibvapo, ndiri kuziva zvandiri kuita.” Zvino, munoona, ropa harigoni kuva pamusoro pako, nokuti wanyatsovayambira.

Zvakanaka, Mwari vanoita zvimwe chete neShoko raVo. Vanonyatsoyambira kwazvo vanhu nezve kutongwa kuri kuuya, uye nekuratidza zviratidzo nezvishamiso zvaVo zvakafanotaurwa muBhaibheri zvezera iroro. Vanovaratidza, uye vanhu vanongofamba nepamusoro paRo.

Hazvisi nyore kuti munhu aende kugehena. Munhu anotorwira nzira yake yekuenda kugehena. Nhema dzekutanga dzawakataura, unotoziva kuti zvaive zvakaipa. Mudzanga wekutanga wawakamboputa, waiziva kuti zvakaipa. Chakaipa chekutanga chawakaita, waitoziva kuti chakashata. Asi muhana yako, yakakuudza kuti zvakaipa, asi vakaramba uchimhanya uchipfuura nemurobhoti dzvuku, uchipfuura nepane zvidzviso. Iwe hauna hanyin’ a. Unoda kuzviita, zvakadaro, kuratidza kuti uri chamakwende. Maona? Asi, rangarira, unorwa nzira yako yekuenda kugehena. Hazvisi nyore kuenda kugehena. Unofanira kuramba Chokwadi.

⁶¹ Usati waparara netsaona, unofanirwa kudarika robhoti dzvuku. Usati waparara netsaona, unotofanira, zasi uko munzira, une ya—yambiro dzakaiswa. Asi, iwe, une nzira yako pamusoro pazvo, munhu nhasi anayo. Uye anoziva zvizhinji kupfuura chero ani zvake, asi haadi kuteerera zvi—zviratidzo neyambiro dzeKutongwa kuri kuuya, neavo vanoramba Kristu.

⁶² Zvino cherechedzai, uye zvavakanga vagamuchira panzvimbo yaKristu uyu. Zvino fungai nezve chechi yezuva iroro, hupofu hwavo. Vakanga varamba mhondi inozivikanwa, Bharabhasi. Munhu akanga aratidzwa pachena kuti imhondi, uye akanga akamirira chaizvo kutongwa kwake. Uye aka—

akaratiidzwa ku—kuti imhondi, uye akanga ari munhu akaipa. Uye nekuda kwekuti—kwekuti Hupenyu hwaJesu. . .

Izvo, Iye, Akavapikisa. Akati, “Ndiani wenyu angaNdipomera mhosva yechivi?” *Chivi* “kusatenda.” “Kana Ndisingaite mabasa aBaba vaNgu, zvino musaNditenda; kana Ndisina kukuudzai Chokwadi cheMagwaro. Uye Gwaro rakataura nezvaNgu, pachaRo. Nzverai Magwaro,” Akadaro, “nokuti maAri munofunga kuti mune Hupenyu Husingaperi, uye Ndiwo Acho anopupura nezvaNgu muzera rino.”

⁶³ Asi ivo vakati, “Anozviita Mwari pachaKe. AnoZviita chimwe chinhu.” Hapana chaakaita. . . Mwari ndivo vakaMuita Mwari; Akanga ari Mwari. Akanga ari kuzadzikiswa kweMagwaro. Haana kumboZviita chimwe chinhu. Mwari vakaMuita zvaAive. Uye, ipapo, nekuti yaive nguva yekuti Shoko iroro rizadziswe. Zvino, asi havana kukwanisa kuRiona, nokuti Raipesana nepfungwa dzavo dzesangano, zvavakanga vagadzira pamusoro paKristu. Zvino vakanga vakapofomadzwa zvakananyisa kubva paShoko.

⁶⁴ Zvino, kunze kwaizvozvo, kuti vabvise Muchinda uyu, vaifanira kugamuchira mhondi, njodzi kuruzhinji, zvakare. Wakanga uri musengwa kune vemunharaunda, musengwa kwavari; mhondi! Vaifanira kumugamuchira, nokuda, kwe—kwekuramba Kristu.

Uye murume kana mukadzi upi zvake asati agamuchira chakaipa, vanofanira kuramba chakanaka. Pane chimwe chinhu pamusoro pezvisikwa, zvine murawo pazviri, wekuti unofanira kuramba chinhu chakanaka usati wagamuchira chinhu chakaipa.

Sezvandambotaura, kuti—kuti urege kureva nhema. . . Wa—wakareva nhema uchipesana nemaonero ako ari nani. Wakareva nhema uchipesana nehana yako. Wakareva nhema uchipesana nezvawakadzidziswa naamai vako kana vabereki vako kuti uite. Kana, kunyangwe masikirwo chaiwo anodzidzisa kuti haufanirwe kuzviita. Saka, naizvozvo, iwe, kuti urambe Chokwadi, unofanira kugamuchira nhe—nhe—nhema, zvino unofanira kuramba Chokwadi usati wagamuchira nhema. Maona?

⁶⁵ Saka ndiwo maitiro akanga aita varume ava, vakanga varamba Chokwadi. Uye Akanga ari Chokwadi. “Ndini Nzira, Chokwadi, neHupenyu.”

“Pakutanga Shoko rakanga riripo, uye Shoko rakanga riri kuna Mwari, uye Shoko rakanga riri Mwari. Uye Shoko rakaitwa nyama rikaratidzwa pamberi pedu.” Muna Timotio Wekutanga 3:16, “Pasina gakava, chakavanzika cheHumwari chikuru, nokuti Mwari wakaratiidzwa munyama, tikamubata nemaoko edu.” Mwari, Jehovha! Zvino—zvinoshamisa kwazvo, zvinokatyamadza, kufunga kuti ivo Mwari Vakaisa hu—hu—

hurongwa hwenyeredzi muchadenga, ndokugadzira nyeredzi dzakakura zvakapetwa chiuru kupfuura nyika ino . . .

⁶⁶ Zvino kukanzi imwe yenyeredzi idzi yatanga rwendo kuuya kune nyika, ichimhanya zviuru gumi zvemamaira paawa, handiti, zvinoitorera zana remamiriyoni emakore kuti isvike kuno; iri kure-kure kwazvo. Uye nyenyedzi mbiri duku dzakagara, dzinotaridzika sekunge pane inji imwe pakati padzo, nekuno, dzakaparadzana kutopfuura zvatiri kubva kwadziri. Asi, zvakadaro, hapana imwe yadzo isingagoni kugara panzvimbo yayo. Uye boka riya guru renyeredzi, oo, ini zvangu, huremu nehupamhi hwaMwari Uyo akakwanisa kugadzira zvinhu izvozvo! Imwe neimwe inofanira kubata imwe. Ndicho chikonzero zvichiramba zvakagara sezvazviri. Kana dzikabuda mugwara, hurongwa hwese hwunowa.

⁶⁷ Ndizvo zvakaitika muEdheni. Evha paakabuda mugwara remirairo yaMwari, rudzi rwose rwakawa.

Ndiro dambudziko nhasi. Hatifanire kupatsanurwa muzvirongwa nemasangano, nezvimwe zvakadaro. Tinofanira kuva vanakomana nevanasikana vaMwari, takabatanidza boka guru renyeredzi dzenyika pamwe chete.

⁶⁸ New York, svondo rapera, ndakanga ndichiteerera kumashoko akanokorwa, kana kuti akataurwa naEinstein, muzvinasainzi mukuru, uyo—uyo anonzi njere dze—dzenguva ino. Uye ndakanga ndiri . . . ndakazvinzwa. Shure kazvo ndakaenda kunonzwa Norman Vincent Peale, papfungwa yake yezvemaitiro anofanira kuitwa nevanhu, kana mafambiro, nekuzvipinza mune zvepfungwa.

Zvino, pana Einstein, akanga achitaura nezve rimwe boka renyeredzi rakanga riri kunze pakati pehurongwa ihwohwo, riri kunze kwenyeredzi. Uye kuti kana munhu akakwanisa kufamba nekumhanya, ndinotenda akati, kwechiedza, . . . Zvino, ndinofunga, chii zviya, . . . zviuru makumi masere nezvitanhatu? [Hama Neville vanoti, “Zana rine makumi masere nezvitanhatu.”—Mupepeti] Zana, zviuru zana zvinemakumi masere nezvitanhatu zvemamaira pasekondi, kufamba kwechiedza. Uye zvino zvipatsanure izvozvo mumaminitsi mashanu, kuti angave mamirioni nemabhiriya mangani emamaira. Zvino mamiriyoni za—zana nemakumi maviri emakore enguva yechiedza ndiyo yaunotora kuti usvike kune boka renyeredzi iroro. Uyezve mamiriyoni zana nemakumi maviri, kana zana nemakumi mashanu emakore; mamiriyoni zana nemakumi mashanu kuendako, nemamiriyoni zana nemakumi mashanu kudzoka.

⁶⁹ Zvino vakabata chimwe chinhu chakavakatyamadza. Uye ivo, mushure mokuenda kunze uko nekudzoka, zvinokutorera makore mamiriyoni matatu kuita rwendo rwacho, mamiriyoni mazana matatu emakore. Mamirioni mazana matatu emakore

ekuita rwendo urwu, uye, paunodzokera panyika, chaizvoizvo unenge waenda kwemakore makumi mashanu chete. Unopinda muZiyendanakuenda. Hakuna magumo kwaRiri.

⁷⁰ Zvino kungofunga, kuti, Mwari Vakasika zvose izvozvonekuzviisa muhurongwa, nekutaura nezvazvo, akaburuka akaitwa nyama pakati pedu, kuti atidzikinure. Uye vachizotiremekedza neHupo hwaVo hune chiremerera, kuti Ivo—Ivo vaizomira pano panyika ine zvivi mumazuva okupedzisira, voratidza Shoko raVo kuti ndiro, nokuti Vakasangirwa kuShoko iroro. Amen. Kuzvitonga nekukuramisa kweUyo mukuru Akabata zvinhu izvi muruoko rwaKe!

⁷¹ Cherechedzai, marudzi. Che—chechi inofanira kuramba Shoko raKe, kutanga. Zvino, mushure mekunge chechi yaRiramba, ndokuMudana “Bherizebhabhu, kana kuti mweya wakaipa,” zvino Rakauzwa pamberi pehurumende, kuitira kuti rudzi rwose rwaifanira kupomerwa. Zvino tinowana Jesu, mangwanani ano, pamberi pe—pemubati, Pirato, muRoma, kuti agotongwa. Saka tinoona kuti chechi yakaMuramba, kutanga, nokuti havana kutenda Mharidzo yaKe, nokuti vakanga vasingazive Shoko.

⁷² Jesu akavataurira kuti, “Dai maka—makanzwa Mosesi, maizotenda Shoko raNgu, nokuti ndiye akareva nezvaNgu.” Maona? Hero Shoko iro muporofita...Zvinova, i—Ishe vanouya kumuporofita, uye muporofita ndokutaura Shoko renguva yaizouya. Zvino herino pano ndokubva Raratidzwa, ndokuti, “Munoti munoziva Mosesi uye ndiye mutungamiriri wenyu. Hamuzivi Mosesi, uye hamuzive Shoko rake.” Nemamwe mashoko, Akati, “Ndini Shoko. Ndini Shoko rakaratidzwa rakataurwa naMosesi kuti richauya, asi munoNdipomera.” Maona? Nokuda kwetsika dzavo, munoona, chechi yakaMupomera.

⁷³ Zvino, tinoMuona zvino pamberi paPirato, uye akanyatsosimbiswa zvizere, zvakare, akacherechedzwa panguva yacho, kana chechi, nemutumwa wenguva. Vakanga vapiwa mukana wekuona nokutenda, asi vakaRiramba. Sei vakaRiramba? Vazhinji vavo vaida kuRitenda; asi tsika dzavo, kwete vanhu, asi tsika dzavo!

⁷⁴ Zvino, munoona, saNikodhimo akauya neusiku, uye ndokuti, “Tenzi, isu tinoziva kuti Muri Mudzidzisi anobva kuna Mwari. Isu tinoziva kuti Munobva kuna Mwari. Hapana munhu anogona kuita zvinhu izvi zvaMunoita kunze kwekunge Mwari vainaYe. Isu...” Ndiani “isu” waari kutaura nezvake? Chechi, vaFarise, vatungamiri vezuva iroro. “Tinoziva. Takanyatsogutsikana kuti ndiMi Munhu wacho.” Saka sei vakatadza kuzviita? Nokuda, kwehurongwa hwavo. Ndoda kuti zvinoyatsosinina zvakadzika, nekuti ndizvo zvandi kusvika kwazviri. Maona? Hurongwa hwavakanga vatozvibatandiza nahwo kare, ndihwo

hwakavatadzisa kufamba. Kunyangwe vakazviona kuti Uyu aive ari Mesia, asi hurongwa hwavakanga vakabatanidzwa nahwo hwaisavatendera kuti vaRigamuchire.

Ma—manzwisisa here? Zvino ndinoda kubvunza, kune vari kuoneka pano, vangani vari kunzwisisa zvandiri kutaura? Simudzai maoko enyu. Zvakanaka.

⁷⁵ Zvino, hurongwa! VakaRitenda, uye vaiziva kuti ndiRo. Ndingada sei kutaura chinhu chimwe chetecho nhasi! Tinoona zvinofanira kuva pano nhasi, uye tinoRiona, asi hurongwa hauvatenderi kuti vaRigamuchire. Ivo vakanyatsorovedzerwa nehurongwa uhwu! Munoono, haasi munhu, hurongwa hwacho.

Sezvandambotaura nezveMutungamiri wenyika vachangobva kupondwa. Haasi munhu wacho; sekuziva kwangu, munhu akanaka, haana kana chaakamboita chakaipa sezvandinoziva. Asi hurongwa. Havasi vanhu; hurongwa hwacho.

⁷⁶ Vakanga vasiri maJudha; hwakanga huri hurongwa hwavo. Hurongwa uhu hwakaMupomera, nokuti haRina kuwirirana nehurongwa hwavo. Manzwisisa here? Zvino, zvinhu zvimwe chete zviri kutora nzvimbo iko zvino. Zvino vakasarudza mhandu yeruzhinji iyi, mhondi.

Asi nyaya iyi zvino yave kusanganisira hurumende. Saka hurumende inofanira kureva mutongo uyu, nekuti, kuti patorwe hupenyu, zvinofanira kuuya pamberi pehurumende. Vaisabvumidzwa kuita izvozvo, nekuti vaive pasi pe—pehutongi hweRoma, uye vaisakwanisa kutora hupenyu zvisinei nekuti chechi yavo yaitaura sei kuti, “Tinofanira kuzviita.” Handiti, ha—havaikwanisa kuzviita pasina, kutanga, Roma yavapa mvumo yekuzviita. Saka, zvinofanira kuunzwa pamberi pehurumende. Zvino hurumende yabatanidzwa muchinhu ichi.

Zvino, kana usiri mufananidzo wanhasi, handioni kuti chii. Munoono, chaizvoizvo!

⁷⁷ Chechi inoRiramba, zvino yave hurumende yave munyaya yacho. Nguva yakanga yasvika apo nyika, yavose, yose, yaifanirwa kuuya. Nyaya ndokugadzirwa. Mangange akange osvika zvino. Rudzi rwose rwakanga rwaMuramba, ndokuunza hashha dzaMwari pamusoro pavo. Zvino vasati. . . Kunyangwe chechi yakanga yaMuramba, zvaizounza hashha pachechi. Asi zvino rudzi rwaMuramba, kuunza hashha pamusoro pavose.

Uye, nhasi, pasi rose raMuramba, kuunza kutongwa kune pasi rose. Marudzi ose anofanira kutongwa.

⁷⁸ Uye tinoziva kuti izvozvo zvakaitika munguva yemukuru wemauto eRoma, Tito. Akakomba Jerusarema, zvino pakupedzisira ndokungo. . . Vakadyirana vana; ndokudya makwati kubva pamuti, nehuswa hukapera pasi. Zvino—zvino ipapo Tito akapinda ndokungowisira pasi madziro ndokupisa

guta, zvino ropa ndokuyerera pasi—pasi mumigwagwa saizvozvo, umo maakavaurayira imomo.

Uye zvaifanira kudaro. Mwari vakarurama vasati vatendera vanhu, vaVakange vasarudza, kuti vauye pasi pechinhu chakadaro, pa—panofanira kuva nechikonzero chakakodzera. Vane nduramo. Mirawu yaVo—yaVo inodanira kutonga kwaVo kwakarurama. Uye murawo usina murango hausi murawo.

⁷⁹ Dai ndikati, ndadzika mutemo muno muguta, “Ifa—fa—faindi kupinda nemurobhoti dzvuku,” ipapo poshaya murango pazviri, unongoramba uchipinda nemumarobhoti matsvuku. Asi panofanira kuva nemurango.

Uye murango wemurawo waMwari, kuramba hurongwa hwaVo, rufu. Uye paifanira kuva nerufu, saka rwaifanira kubhadharwa.

⁸⁰ Tiri mukutongwa kwakafanana mangwanani ano, pasi rose, kutongwa. Masangano ose akaramba Shoko. Ndinoziva kuti izvi zvinonzwika zvakakwasharara. Uye ndinoda kuti vashumiri vari kuteerera, vari pano neavo vari patepi, zvakare, kuti vaedze kunzwisisa izvi zvino, zvandiri kuedza kujekesa. Asi ndakabata pfungwa yangu, kana kutaura pfungwa yangu pano, zvakare ndichiti takamira, nhasi, mune imwe horo yokutonga yaPirato.

⁸¹ Unoti, “Dai ndakanga ndakamira ipapo, ndingadai ndakataura ndakamiririra Jesu Kristu.” Zvino, zvakanaka, ko uri kuitei nezvazvo izvozvi? Ndiyo nyaya yacho. Maona? “Hazvinei kuti chechi yakanga yaMuramba zvakadii, ndingadai ndakamira padivi paKe.” Une mukana wacho. Uh-huh. Maona? Ivo, vakaMuramba.

⁸² Zvino Ari kutongwa, nhasi, kana kuti achangobva kutongwa, kana kuti, ari pakutongwa, kuti paumbwe hurongwa hwenyika, hwezvinonzi, mubatanidzwa wemachechi, ku—ku—kuumbwa mu—muMubatanidzwa Wemachechi ePasi rose. Zvino, uye chii chavakaita? Vakavhota kuti vachanyatsozvibatanidza pamwe chete uye vova nemubatanidzwa wemachechi.

Uye muMubatanidzwa Wemachechi uyu, machechi ese anofanira kunge ari mumubatanidzwa uyu, kana, kuti vakasadaro, hautombotenderwi kuparidza, hautombotenderwi kuva nemunamato wevanorwara. Uye chechi yako inogona kushandisirwa chero chavanoda kuishandisa. Kana vachida kuchengeta mabhokisi mairi, kana zvombo, kana chero zvacho chavanoda kuita, iwe hauna simba pazviri zvachose. Uchatova wemuMubatanidzwa Wemachechi kana kuti hausi wemo zvachose.

Uye ndihwo hurongwa huri kuumbwa muno muUnited States, hunozadzisa Gwaro, zvakakwana. Zvinozadzisa zvakataurwa kwandiri naShe muna 1933, maona, uye timire panguva iyoyo mangwanani ano.

Zvino Jesu Kristu, Shoko, ari pakutungwa, nhasi, sezvazvaiva pakurovererwa pamuchinjikwa, zvino Ari mumaoko edu. Ari mumaoko epasi rose. Shoko rakanyatsoratidzwa, pasi rose, munoona, zvino Amire pakutungwa. Masangano ose akaMuramba. Uye zvino Ari kutongwa sokunge... muMubatanidzwa weMachechi, uye vanoMuramba zvakare vosarudzazve sezvavakaita kare.

⁸³ Munoona, hunhu huri munhorooondo hunozvidzokorora, nekuti zvisikwa zvinoramba zvakadaro. Miti ichiri kuramba ichikura, uye miriwo inouya, uye nemaruva, uye nyika inotenderera sezvayagara iri nguva dzose. Zvisikwa. Uye hunhu hwezera rega-rega hunobereka, zvakare, uye hunoburitsa zvakare cha—chadzera cheuhwo hu—hu—hunhu hwakambovepo kumashure. Uye, nhasi, tinozviwana zvakare takamira panzvimbo imwe chete iyoyo.

Zvino, Jesu akanga ari “Shoko,” Mutsvene Johane, chitsauko 1. Tese tinozvitenda Izvozvo. Akanga ari Shoko. Uye nokuti akanga Ari Shoko...Ndapota nzwisaisai. Akanga ari Shoko, saka Aifanira kupesana nehurongwa.

Uye havana—havana kuMuramba nokuda kwezvishamiso zvaKe. Havana kudaro. Ivo vakati...Iye akati, “Ndiani angaN dipomera?”

“Uye ndechipi chakaipa chaAkanga aita?” akadaro mudzimai mudiki. “Ndechipi chakaipa chaAkaita kunze kwekuporesa vanorwara?”

⁸⁴ Vakati, “HatiMupi mhosva pazvinhu izvi.” Maona? “TinoMupomera nokuti Iye, zvaari munhu, anozviita Mwari pachaKe.” Uye Magwaro avo pachavo akati Aizova Mwari.

Muna Isaya, muporofita mukuru akanyora Mabhuku makumi matanhatu namatanhatu aIsaya, uye anotanga ne...Kwekutanga, sezviri mavambo; uye pakati peBhuku panouya Johane Mubhabhatidzi; ozoguma mukutonga kwemuMireniyamu. Uye Mabhuku makumi matanhatu nematanhatu muBhaibheri, sokuti pane zvitsauko makumi matanhatu nematanhatu muna Isaya. Zvinoshamisa kuti zvakava saizvozvo. Uyu Isaya 9:6, akati, “Takazvarirwa Mwana, takapiwa Mwanakomana; uye Zita raKe richanzi, ‘Gurukota, Muchinda woRugare, Mwari Ane Masimba, Baba Vokusingaperi, Anoshamisa.’”

⁸⁵ Uye tsika dzakapofomara, kana hurongwa, hauna kuzviona kuti Akanga ari Mwari; nemuporofita wavo, anova iye akavingwa neShoko, akataura kuti Aizova Mwari. Zvirongwa zvakapofomara! Saka vakaramba Shoko, vakashuvira mhondi panzvimbo pacho, Bharabhasi.

⁸⁶ Uye, nhasi, Shoko, richijekeserwa zuva rino, rakasimbiswa. Rakaitwa remazvirokwazvo. Rakaratidzwa kuti iChokwadi. “Uye pamazuva ekupedzisira,” sezvakarehwa naJesu,

“sezvazvakanga zvakaita pamazuva eSodhoma,” nezvimwe zvakadaro, “ndizvo zvazvichava pakuuya kweMwanakomana wemunhu.” Iye Mwari chaiye, pachaKe, Aiva Shoko, akafanotaura nguva yekupedzisira nezvaizoitika; uye Zviedza zvaizopenya panguva dzamadekwana; uye kuti, Maraki 4, Aizotumira zvinhu izvi ozviratidza.

⁸⁷ Uye zvaunzwa panzvimbo yesarudzo, uye machechi akaRiramba. Zvino machechi akashuvirei? Mhondi yeShoko, uyo anatora hurongwa. Kana hurongwa huchipesana neShoko, zvino imhondi kuShoko. Uye vakada tsika dzesangano, panzvimbo yeShoko rechokwadi riri kuratidzwa nekuiswa pachena kuti iRo ndiMwari pakati pevanhu; nesainzi, kubudikidza nemifananidzo, Chiedza, Mutumwa waJehovha mumwe chete, Shongwe yeMoto.

Mumwe chete akararama panyika mu—mumutumbi waJesu Kristu, akauya pamusoro pevanhu vaKe mumazuva ekupedzisira, apo sainzi yakatora mufananidzo waYo. Chechi yakaona mabasa aYo. Zvinonyatsoratidzwa, nematepi nezvose, kwese nepasi rose, uye nokushumirwa pazvima.

Asi zvakadaro, mune zvose izvi, hurongwa hwavo huri kuda Mubatanidzwa Wemachechi kuti upomere Chokwadi. Vachishuvira mhondi inozovhara, kana kumisa, kana kuvharira kunze. Uye, uchazviita, vachamisa Chinhu chakadaro. Uye Mubatanidzwa Wemachechi uchatofanirwa kuzviita. Hoyo munembo wechikara; antikristu, achipesana neShoko, rinova Kristu. Asi kwete avo magw- . . .

⁸⁸ Vanofunga kuti itsika. Vanofunga kuti tsika dzavo ndedzaMwari. Maona? Asi hazvingamire neShoko, uyewo Mwari havazvisimbisi kuti ndizvo. Jesu akamira neShoko, asi kwete nemubatanidzwa wavo; asi neShoko. Uye Shoko rakaratidza kuti Aiva Mwari.

Uye Rinoratidza nhasi kuti NdiMwari, nokuti Rinorarama Hupenyu humwe chete, Rinoita zvimwe chete pakati pedu zvaRakaita kumashure uko, nokufanotaura.

⁸⁹ Saka vanoita sei? Vanogamuchira chimwe chinhu icho . . . Vakatogamuchira, kare, hurongwa chaihwo huchaRiroverera. Uye kuroverwa kwevakasununguka vanosanganisira masangano ose kwave pedyo. Ndizvozvo.

⁹⁰ Zvino, izvozvo hazvipesani neMagwaro. Zvinoenderana neMagwaro. “Zvino vakagadzira mufananidzo kuchikara.” Kubatanidza masangano enyika muboka rimwe remaProtestanti, kuumba munembo wechikara, mufananidzo wechikara, maererano naZvakazarurwa 13:8. “Uye vakaita mufananidzo kuchikara.”

Chikara “iRoma.” Tese tinozviziva. Nguva dzose yagara iri Roma, yose . . . Ingagova sei—ingagova sei Russia, iro Bhaibheri richiti Roma? Maona, vanhu vanongova nemaonero asiriwo.

Maona? Chingave chimwe chinhu sei, izvo zvakafanotaurwa kuti chichabuda muRoma?

⁹¹ Dzokerai kuna Dhanieri zvakare, simbi nevhu mutsoka; simbi haina kumbopera, kubva pamabvi kusvika kumagumo. Uye munhu upi hake anoziva kuti Russia yakanga isingatombozivikanwi nezvayo ipapo. Yaiva Roma. Shato tsvuku yaive Roma. Yagara nguva dzose iri Roma. Uye simbi iyi haina kumboshanduka kuita chimwe chinhu, kubva kuRoma kuenda kune chimwe chinhu; yakaramba iri Roma. Uye chikara iRoma!

⁹² Zvakare Roma yakanga ine hurongwa hwechinamato hwaive nemusoro wakaipa...kana kuti ronda rakaipa rakamuuraya mumusoro make, asi akamutsiridzwa zvakare, kubva kuRoma yechihedheni kuenda kuRoma yavanapapa. Zvino vari kuzochigadzirira mufananidzo, kubva muchikara chinosisimuka kubva muna Zvakazarurwa 13.

Makambocherechedza here? Nyika ino inhamba yegumi netatu, uye inoonekwa...Handitaurire kuti zviriro...Zvi-zvinoshamisa, hazvo, kuti zvinoitika nemasvomhu, ma-... chaizvoizvo zvichinyatsoenderana neGwaro. Inowanikwa muchitsauko 13 chaZvakazarurwa, nyika ino.

⁹³ Zvimwe zvikara zvese zvakabuda mumvura, zvinova mhomho nehwuwandu hwevanhu, Bhaibheri rakadaro; asi chikara ichi chidiki chakabuda kubva panyika, pakanga pasina vanhu. Asi, rakanga riri gwayana, rusununguko rwokunamata; rakazotaura seshato, ndokuzvibanidza nesimba ndokuita zvoise zvakaiva neshato kumashure kwaro. Ndizvo chaizvo. Saka hezvoka izvo. Zvino—zvinongofanira kuva saizvoizvo. Hapana imwe nzira yekuzvinyenyeredza.

⁹⁴ Uye hepanoi patiri, nhasi, tichigadzira hurongwa. Hurongwa! Hatigone kumirira kusvika mumwe...Takaedza kuita kuti munhu wese ave mu—muLutherani; uye tikatadza kuzviita. Tikaedza kuvaita kuti vose vave maBaptisti; tikatadza kuzviita. Vese vave maMethodisti, kana kuti vose maPentekosti; vakatadza kuzviita. Saka, kuti vaite izvi, nguva ipfupi kwazvo, vakaumba mubatanidzwa, hutungamiri, mufananidzo kuchikara. Ndizvo chaizvo zvavakaita. Zvino chii? Kurovererwa kweShoko, zvakare, kwava pedyo. Riri pakutungwa uye richasvitswa kudare nenguva isipi.

⁹⁵ Cherechedzai, Shoko rakaratidzwa, kubva kusangano. Rinoratidza. Sho—Shoko rakasiyana nesangano.

Chii ichi, hurongwa uhwu chimbori chii? Hofisi diki yeRoma. Bhaibheri rakataura here kuti zvaizova sekudaro? Hongu, changamire! Zvakazarurwa 17, vakaona Roma ichizvisimudza muhurongwa wehufundisi, hwemudzimai. Mudzimai, chechi yagara ichimirirwa nemudzimai.

Nokuti, Mwenga waKristu mudzimai. Evha ndiye akawa; ndiye Wacho anofanira kudzikinurwa. Uye Chechi (chii?) mudzimai akadzikinurwa.

⁹⁶ Zvino mudzimai uyu akagara pamusoro pechikara chine misoro minomwe. Uye tinoziva pamusoro pezvikomomo zvinomwe, nezvakadaro, sezvakataurwa neBhaibheri kuti zvichave. Hapana kukanganisa. Hapana mukana wekukanganisa. Maona?

Uye cherechedzai zvino, tinoona, kuti akanga ari “AMAI VEMHOMBWE.” Maona? Zvino amai nemwanasikana vanobatana pamwe chete zvakare muhushamwari. Pane, pamwe, mwanasikana akambotiza kubva pana amai, achiedza kurarama zvakatsiga, nokuti mai vake vakanga vakaderera kwazvo uye vasina hunhu kusvikira musikana akabva pamba. Uh-huh. Asi zvino, sezvo atanga kubva zera, iye, uye achiita zvinhu zvakawanda zvakaipa, pachake; anoona mai vake, ofunga kuti mai vake vakanga vachiita zvakana, saka ava kutumbawo hurongwa hwake. Maona? Ndizvozvo.

⁹⁷ Kubatanidza masangano, chiProtestanti, zvinozadzisa chaizvo zvakataurwa neGwaro pamusoro paZvakazarurwa 17. “Vose, vane mazita asina kunyorwa muBhuku reHupenyu reGwayana, vaiva vake.” Ichi kana chimwe, chingori chikara kana kuti mufananidzo wechikara. Bhaibheri rakataura kudaro.

Uye Jesu akataura nezvazvo, kwete secommunism. Asi muna Mateo chitsauko 24, kutanga nendima 21 kusvika 26, Akafanotaura kuti mweya uri muhurongwa uhwu waizova wakafanana zvikuru nechinhu chamazvirokwazvo kusvikira pokuti waizonyengera Vasanangurwa chaivo dai zvaigoneka; Vasanangurwa, vane Mazita akaiswa muBhuku reHupenyu reGwayana nyika isati yavambwa. Uye, kutaura chokwadi, zvakavasunga zvakanyanya, kusvikira Akati dai Asina kupfupikisa basa racho, nokuda kwavo, hapaizova nyenya yaizoponeswa panyika. Uye tinongova ne . . .

⁹⁸ Rino ndi—rino ndi '64, handizvo here? Uye ndinofunga vanoti makore angangoita gumi nemanomwe akabviswa ipapo, saka, maererano nekarenda. Zvino tina '64, 1964, anozova (anova chii?) makore makumi matatu nematanhatu asara, kuti tippede zviuru zviviri zvemakore.

Uye zviuru zviviri zvemakore zvoga-zvoga, nyika inosvika kumagumo ehurongwa hwayo hwenyika, hurongwa hwezvinamoto, kumagumo ehurongwa hwose, uye Mwari vakatozopindira. Vakadaro mumazuva aNoa; makore zviuru zviviri zvokutanga. Makore zviuru zviviri zvechipiri; hurongwa hunodzoka kune gwaro redu, mangwanani ano, zvino Vakatumazve Shoko raVo. Vakatumira Shoko raVo nemuporofita, munguva yaNowa, muporofita Nowa; zvino vanhu vakaRiramba, vachitora hurongwa hwavo. Vakatumira Shoko raVo zvakare munguva yaJesu, Shoko rakaratidzwa

muhuzaro hwose; vanhu vakaRiramba. Zvino yave 1964, kunosara makore makumi matatu nematanhatu kusvika kunyange zviuru zviviri zvemamwezve makore; uye Shoko rakaunzwa, asi hurongwa hwakaRiramba.

⁹⁹ Tave pedyo zvakadzi? Pamwe pedyosa kudarika zvatingafunga, munoono, kuti nenguva isipi zvinogona kuitika. Pamwe zvakatoitika, pane zvese zvatinoziva, sezvandakataura Svondo yapfuura ndiri pano. Zita rekupedzisira rinogona kunge ratova muBhuku riya; kana zvadaro, hapasisina rinopindazve. Nyika ichaenderera mberi sezvayakangogara yakaita, asi Chechi yatosisimiswa. Cherechedzai zvino tichienderera mberi pano. Mazita avo, zvino, haazonzengeri avo vane mazita akanyorwamo.

¹⁰⁰ Chii? Hunofanira kuva huri hurongwa. Maona? Ingofunga, kuva nhengo yesangano riri muhurongwa uhwu, unoita sei zvino? Chii chawaita? Wakasimbisira kunze, munoono, kubva kuShoko, kuenda kuhurongwa wehumhondi hunobvisa, “Hwekuva nemufananidzo wekunamata, asi vachiramba Simba racho.” Ndiwo munembo wechikara. Ndizvozvo. Maona?

¹⁰¹ Chikara chiri uko, zvachakaita; zvino heunoi mufananidzo, chinhu chimwe chete. Zvino chikara chaiva chikuru kwazvo, chakaumba chechi huru yepasi rose paNicaea, onai, kuti vakaita kuti pasi rose—rose rigouya kwahuri, kuhurongwa humwe chete uhwu. Uye vakafunga kuti zvaive zvikuru kwazvo, “Hapana aigona kuita hondo navo,” Bhaibheri rakadaro, kusvikira vaita mufananidzo kuchikara, ndokuunza maProtestanti ose muMubatanidzwa Wemachechi; izvo zvakaumba hurongwa, zvokuti hawaimbofungwa nezvako semuKristu kana chimwe chinhu kunze kwokunge uri wemuhurongwa uhwu.

¹⁰² Pane musiyano pakati pemunembo wechikara neChisimbiso chaMwari. Mwari vanosimbisa neShoko raVo. Munotenda here kuti Shoko ndiro?

Zvino unoti, “Ndizvo here, Hama Branham?” Hongu, changamire.

¹⁰³ Zvino, ndinoziva imi maSavadha, kana kuti maSeventh-day Adventist, munoti, “Kuchengeta zuva reSabata.” Asi handizvo. Kwete kungova ndichikuvirimirai, asi hazvisi muMagwaro zvachose.

VaEfeso 4:30, inoti, “Musachemedza Mweya Mutsvene waMwari, wamakasimbiswa nawo kusvikira pazuva rokudzikinurwa kwenyu.” Maona?

¹⁰⁴ Zvino, Mweya Mutsvene iShoko. Mwari havasi vatatu. NdiMwari mumwe chete mumwaka mitatu, mahofisi matatu. Mwari, Baba, pamusoro pomurawo; Mwari, Mwanakomana, munyasha; uye Mwari, Mweya Mutsvene, sezvamunoUdana, Mwari mumwe chete mumwaka weMweya Mutsvene. Mwari, Baba, vaiva Shoko; Mwari, Mwanakomana, akanga ari Shoko;

uye Mwari, Mweya Mutsvene, iShoko. Munooona, angori mahofisi matatu. Uye kur-. . . Uye Mweya Mutsvene unokusimbisa, nokudaro unosimbiswa neShoko.

Zvino unoti, “Zvakanaka, ndakasimbiswa ne. . .”

¹⁰⁵ Saka, zvino, rinozviratidza pacharo. Maona? Rinoratidza. Haukwani kuva nhengo yehurongwa, wosimbiswa nehurongwa neShoko, maona, nokuti zvinopesana, mumwe kune mumwe. Haugone kudaro. Zvakanaka.

Zvino tinoona, kuti, hurongwa hwemuchina mukuru, hurongwa hwemuchina mukuru, ndiko ku. . .

Muchina wacho, une. . . motokari, ine mapistoni, mavharuvhu, nekabhureta, nezvimwe zvakadaro. Ndiho hundiho hurongwa.

¹⁰⁶ Ndinoda kutaura chimwe chinhu kuChechi ipo pano, chandayeuchidzwa. Munooona, ndizvo zviri. . . ndinotenda kuti tave pedyosa nemagumo, ini—ini ndiri kuzotaura chimwe chinhu zvino. Maona? Maona? Hu—hurongwa, kune vanhu vakawanda vari kuedza kutsanangura hurongwa asi musingauzive. Maona? Chinhu choga iwe. . . Uye, munoziva, munofanirwa kuzviziva. Hurongwa hwacho hunozivikanwa. Zvino kana dai Mosesi. . .

Tomboti dai mumwe munhu akati, “Nowa, ndoda kuti utsanangure hu—hurongwa hwekuti areka inoyangarara sei. Kuti sei?” Haaikwanisa kuzviita.

Haufanire kuziva hurongwa; Simba rinofambisa raRo chete. Maona, Simba rinofambisa ndiro raunoda kuziva.

“Sei?” Zvino, toti mumwe munhu ouya kuIsraeri, zvino oti, “Nhai, Mosesi, ndinoda kunzwisisa. Wakasika sei mhuka neshoko rako pachako?”

¹⁰⁷ Akataura, akati, “Harisi shoko rangu. IShoko raMwari. Vakandiudza kuti ndizviite.” Maona?

¹⁰⁸ “Ndi—ndi—ndi. . . Taura, nditsanangurire kuti wakaita sei kuti nhunzi dziuye panyika, ipo pakange pasina kana, nhunzi dzakawanda kudaro panyika.” Maona? Mosesi haana kukwanisa kuzvitsanangura, pachake. Hausungirwe kudaro. “Wakaita sei kuti mhupo yokumabvazuva iuye yofuridza gomba rinodarika nemuGungwa Dzvuku, uye isu tose tikakutevera nepasi pakaoma. Tsanangura hurongwa hwazvo. Hwa—hwa—hwaiva hu—hu—hurongwa hupi hwawakashandisa, Mosesi? Ndeipi? Ndiudze tsvakurudzo yesainzi yeatomu rawakatupfunura.” Maona? Maona?

¹⁰⁹ Akanga asingazvizivi. Iye, zvakanaka, akanga asingazivi hurongwa hwacho; aingoziva simba rinofambisa. Uye—uye ndiyo nzira.

Handikwanise kukuudza kuti ndiri kurarama sei. Handikwanise kukuudza kuti uri kurarama sei, asi uri

kurarama. Handikwanise kutaura kuti zvinodii mumoyo mako, uye chikafu chako chinopinda sei chogadzira ropa. Uye chigotora si—simba rechikafu ichocho, uye—uye chonopinda mumadziro echitatu eura ochishandura kuva hupenyu hweropa, zvino chodzosa kuburikidza nemauri. Ini—ini handikwanise kuzvitsanangura, asi zvinozviita. Maona, zvinozviita. Ini—ini handikwanise kuzvitsanangura. Handizivi hurongwa hwazvo. Isimba rinofambisa.

¹¹⁰ Zvino, Mosesi anogona kunge aiziva hurongwa hwacho, asi yakanga isiri nzvimbo yemumwe munhuwo zvake kuti azvinzwisise kunze kwaMosesi. Vaiziva kuti zvinoshanda, uye zvinobva zvagutsa. Seiko vanhu vasingagoni kugutsikana nenzira iyoyo nhasi? Maona? Munhu wese haaikwanisa kuva Mosesi. Paingova bedzi naMosesi mumwe chete. Vaingoziva kuti ndezvaMwari. Vakaona kuti ndezvaMwari.

Uye vakatevera uye vakaita zvakanaka kusvika vatanga kuva nemibvunzo pazviri, vakada kusimudza mumwe munhu kuti aite zvimwe chetezvo, Kora, Dhatani. Zvino pavakawana mumwe munhu kuti auye nokutevedzera panyama, pakupedzisira Mwari vakati, “Zvipatsanure. Usapinda muhurongwa uhwu hwesangano. Maona, buda mazviri! Ndiri kuzozvimedza.” Ndokuzarura nyika ikazvimedza. Maona?

¹¹¹ Iwe hauzive, hausungirwe kunge uchiziva hurongwa hwacho. Ingoziva simba rinofambisa, chinhu chinorifambisa, chinoita kuti rive rechokwadi, uye woona kuti raro here chipfuro icho Bhaibheri rakavimbisa kuti richarova muzuva rino. Munoono, iShoko zvakare, kudzokera kuShoko.

¹¹² Zvino, muchina mukuru wamisikidzwa zvino, uye wagadzirira kufamba. Hurongwa hwacho hwatovepo. Vatove nehurongwa hwemuchina wesangano huchauza, panyika, “rugare,” vanodaro. Vane . . . yakaita seU.N.

Marudzi akabatana pamwe chete. Inguva yekubatana. Ndichangobva kuparidza nezvazvo, nguva pfupi yadarika. Va . . . Vari kubatana pamwe chete, kuunza chii? Rugare rweyasi rose. Vakazviita muLeague of Nations. Vagara vachizviita, uye hazvishande. Hazvigone kushanda. U.N. hachisi chinhu kunze kwebharuma hombe rerabha rinotakurwa nemhepo yedzidziso dzendudzi dzose. Richatsemuka nekuputitswa nechero chii zvacho. Harigone kushanda.

Kanawo Mubatanidzwa Wemachechi haugone kushanda. Isangano rakaitwa nevanhu, rinopesana nehurongwa . . . kana nehurongwa hwavo hunopesana neShoko raMwari, uye haugone kushanda. “Ko vaviri vangafamba sei pamwe chete kunze kwekunge vachiwirirana?” Hamungazviite. Ko ingadini chechi yeChikristu, ichatozo . . .

¹¹³ Ma—maPentekosti, veAssemblies of God, uye mamwe ma—machechi makuru e—ehumambo hwePentekosti, uye

nevanhu veFull Gospel, ko vangarasa sei dzidziso dzavo dzeevhangeri, izvo zvitevedzwa zvepamavambo zvavakamira pazviri? Uye kwavakarererwa, kuti vabude mumasangano aya vachiapomera; uye vachitofanira kusiya dzidziso yavo yeevhangeri, kuti vafambe nevarume vasingabvumirani pazvitevedzwa zvepamavambo zveBhaibheri, neKupodza kwaMwari, neSimba raMwari, naJesu Kristu. “Vaviri vangafamba sei pamwe chete kunze kwekunge vawirirana?”

¹¹⁴ Hezvoka izvo, ndiyo nguva yatasvika pairi, uye ndiwo muchina mukuru wakamisikidzwa. Zvino vave nehurongwa. Chinhu choga chasara kuva nacho ndiSatani imomo, nesimba rinofambisa, kumanikidzira kuisa munembo wechikara. Kana yamanikidzirwa pasi, zvinoimba rinofambisa rongwe rave kushanda. Hurongwa huripo. Vanotove nahwo.

¹¹⁵ Regai nditaure chimwe chinhu, zvakare; nguva ino yekubatana, kuona machechi achibatana, nyika dzichibatana. Inguva yekubatana kwaMwari neMwenga wavo, zvakare. Uye ndinotaura izvi nekuyeresha neruremekedzo. Ndinotenda kuti Mwenga waKristu wakadanwa. Ndinotenda kuti Wakasimbiswa muHumambo hwaMwari. Ndinotenda kuti hurongwa hwacho huripo. Vakamirira Simba rinofambisa richaMubvisa panyika, kupinda muKubwinya, muKubvutwa. Ndinozvutenda nemoyo wangu wese. Hongu, changamire. Hatizivi kuti Achazviita sei, asi Achazviita.

Iye ndiYe Simba racho. Isu takangove nhengo dzemuchina, weMuviri waKe, tichizviumba mumufananidzo waKe, nekuMuona Achizvibanidza nesu, mumabasa Ake, nezvipo zvaKe zvorudo, Achizvipa kwatiri Mabiko eMuchato oda kusvika. Zvino takamirira, tichizvitarisira izvozvo.

Chechi yavo huru iri kuzobatana.

¹¹⁶ Simba rinofambisa reChechi ino richange riri kuzadzwa patsva neMweya Mutsvene wataakashanda nawo muchiyero chidiki apo Dombo repamusoro richidzika pasi kuzobatana neMutumbi. Asi kana Musoro neMutumbi zvabatana pamwe chete, simba rakazara reMweya Mutsvene richaUsimudza chaizvo saizvozvo; kunyangwe vakafa, vakafira muna Kristu, kwemazana emakore apfuura, vachamuka murunako rwoutsvene hwaKe, zvino vobva vabhururukira muchadenga. Simba rinofambisa ndiwo Mweya Mutsvene.

¹¹⁷ Zvino hurongwa hwechinhu chikuru ichi chavakagadzira, muchina mukuru uyu uchashanda rimwe zuva mukanzuru yakabatana yeMubatanidzwa Wemachechi ePasi rose, uyo uchaita zvokumanikidzawo, zvakare. Rangarir-...asi rangarirai...

Unoti, “Kana izvozvo zvaitika...” Uchange watononoka kare iwe. Unenge watopinda mazviri kare. Kunyangwe iwe

uchida, kana usingadi, watovemo kare. Maona? Cherechedzai, watova nemweya iwoyo pauri.

¹¹⁸ Pazuva iro apo—apo mhe—mhelo dzoMweya dzovhuvhuta dzichibva kumabvazuva, kuchamhembe, kumadokero, nekumaodzanyemba, uchigombedzera vanhu kubva mazviri, uye nokuratidza vanhu!

Ndicho chikonzero ndagara ndichipesana kwazvo nehurongwa uhwu. Ndakaona kuti pane chimwe chinhu ipapo, rima. Sezvandakaona madzimai aye maisiro avaiita zvinhu zviya kumeso kwavo, ndakakuudzai Svondo yapfuura, ndaiziva kuti pane chimwe chinhu chiri kuuya.

¹¹⁹ Sei ndaigara ndichipikisa zvinhu zvakadaro? Ndakanga ndisingazvizivi; ndava kuziva zvino. Sei ndaigara ndichipesana nechitendero chemasangano? Nokuti (ndave kuzviona zvino) munembo wechikara. Maona? Handina kumbobvira ndakazvitora kusvikira masvondo mashoma apfuura. Maona?

Zvino, mushure mezmvatongerwo enyika muchechi, zvino chii chinotika? Mushure mekunge Shoko rasimbiswa zvechokwadi? Zvino, tarisai, zvasvika pokuti panofanira kuve nekubvimirana. Danho ravo rinotevera rakava . . .

¹²⁰ Nderipi danho remaJudha rakatevera mushure mekunge chechi yaRiramba? Chechi yakaramba Shoko. Vaisada kuwana chekuita naRo. “Wakanga uri mweya wakaipa.” Raiziva pfungwa dzaive mumoyo mavo. “Raiva rakaipa.” Asi zvakadaro, Rakanga riri Shoko. Mabasa aAkaita, aipupura nezvaKe, akasimbisa kuti Aive Ani. Vaisada kuva nechekuita naRo.

Zvino, chinhu chinotevera, chinouya kuhurumende. Uye iyi ihurumende yechechi, nekuti nyika dzese dziri munyaya yacho. Paiva nenyika yechihedheni yaitonga nyika yainamata. Zvino, zvava, nyaya yacho yese yava yechinamato, saka zvinofanira kusvika kuchinamato chepasi rose.

Oo, ini zvangu, bofu chairo rinokwanisa kuzviona izvi! Zvino bofu rinozoti kudii parinoona izvi? Paanozviona, anobva abuda muhupofu hwake.

¹²¹ Tarira ipapo kana mubatanidzwa wepasi rose wauya pamwe chete, “Tichaita sei naJesu uyu anonzi Kristu?” Havadi zvirokwasvo kuva nechekuita naRo. Saka pane chinhu chimwe chete chekuita, ipapo, chaizvo zvavakaita kareko, vachaRiroverera, zvirokwazvo, voRipfigira. “Harichagoni kuvepo zvakare. Harizobvimirwi kuzviita.” Simba rechitendero chenyika dzese harizovatenderi kuzviita zvakare. Shumiro yakadaro yatinayo pano, nezvimwe zvakadaro, zvichange zvavharwa zvachose. Haukwanise kuzviita usina mvumo kubva kumuzinda mukuru, musoro wechechi, maona, mufananidzo kuchikara. Oh! Tave pano, ndizvozvo chete. Ta—ta—tasvika.

Uye zvakasimbiswa zvirokwazvo; chinotevera kuMuroverera pamuchinjikwa.

¹²² Zvimwe chete nazvino, zvichikonzera kuti vose vasingabatane navo, vavharirwe kunze uye vasazobvumidzwa kuparidza, maona. Zvinoroverera, patsva, Shoko revimbiso rakasimbiswa. Vanozvimisa, “Haubvumidzwe kuva nazvo zvakare. Hapasisina shumiro dzekupodzwa. Hapasisina minamoto yevanorwara. Kwete, changamire! Haugone kuzviita. Kwete, hapana chimwe cheizvi. Kwete, changamire! Uchauya nemuMubatanidzwa Wemachechi kana kuti hauzove nazvo zvachose.”

¹²³ Zvino munoona kuti sei ndichipesana nechinamoto chemasangano, nekuti munembo wechikara. Roma ndiyo musoro wacho, yekutanga. Ndizvozvo chaizvo. Uye inokonzera vose kuutora kuburikidza nokujoinha vanasikana, unova mufananidzo. Amai vacho vakaita chinhu chimwe chetecho. Ko Roma yakarongwa kekutanga kupi? Ndechipi chitendero chakatanga kuiswa muhurongwa munyika? Roma Katorike. Kana pane ane shoko rinoti hazvina kudaro, ingondiita kuti ndizvinzwe. Haapo pano. Sangano rekutanga, chechi yekutanga yakarongwa, yaive paNicaea, kuRoma. Hongu, changamire. Uye ndizvo chaizvo zvavakaita.

¹²⁴ Uye Luther akaitei mushure morufu rwake? Vakaita zvimwe chete zvavakaita paNicaea, kuRoma. Vakaitei mushure maWesley? Vakaitei mushure mekufamba kukuru kwakaitika? Vakaita zvimwe chetezvo, vakaita vanasikana kuchipfeve, chaizvo zvakanyatsokwana. Zvakafanana, nezvimwe chetezvo, tinoona pano. . .

¹²⁵ Ndanga ndine Gwaro duku randakanyora pano. Pamwe regai ndirisiye iroro. Asi, zvino tarisai, vaiva. . .

Kurunga kwechechi kune maitiro mamwe chetewo nhasi. Chinhu chete chavanoda isimba racho rinofambisa, chimwe chinhu chinoita kuti rishande. Uye zviru kuuya pamangange, pakare pano.

¹²⁶ Chechi yeKatorike nemachechi echiProtestanti vachava shamwari. Ndakakuudzai izvi kubva—kubva kare, kwemakore makumi matatu neanoraudzira apfuura. Vachabatana pamwe chete. Zvino murikuona chaizvo zvavari kuita iko zvino. Ma—maProtestanti havambofe vakave maKatorike, asi pachava nokubatana muhukama, munembo wechikara, wakafananidzwa nechikara.

¹²⁷ Kufanana nenzira imwe cheteyo iyo amai, Evha, vakawodza nyika yose kusvika parufu rwepanyama. Amai, Evha! Teererai. Amai Evha vakawodza rudzi rwese rwevanhu, nerufu rwepanyama, (sei?) nekuramba Shoko vachigamuchira chimwe chinhu chiri pedyosa kufanana naRo. Akakonzera rufu rwese rwepanyama nekuti akasiya Shoko rechokwadi, ndokutenda

Shoko rechokwadi rose kunze kwepadiki-diki. Kakusawirirana kadiki neShoko raMwari rakazara kakakonzera marwadzo ese emoyo, rufu rwose nezvose zvakambovapo panyika. Evha ndiye akazviita, amai verufu. Zvino muri kuona kwatiri kuuuya? Amai verufu, cherechedzai, akangopokana Shoko.

Akati, “Mwari vakati . . .”

Satani akati, “Ndizvozvo chaizvo.”

“Mwari vakati . . .”

“Ndizvo chaizvo.”

“Mwari vakati . . .”

“Ndizvo chaizvo.”

“Mwari vakati . . .”

¹²⁸ “Hongu, izvozvo, ndizvo chaizvo. Ne—neimwe nzira, ndizvo, asi, honaka, izvozvo—izvozvo—izvozvo handiRo rose. Hona, ucha—uchazaruka meso ako, ugo . . .”

Asi Mwari vakataura, zvatopera, Shoko! Munoona, zvakatanga nekungomonyororwa zvishoma kweShoko, uye, zvinwe chete, zviru kupera nenzira imwe chete.

¹²⁹ Cherechedzai, mwanasikana chibereko chaamai nababa, mukubatana. Zvino hechino chinhu chinokatyamadza. Asi rufu, panyama, rufu rwepanyama kubatana kwaamai Evha naSatani, pamwe chete, nekupokana Shoko raMwari. Vakabatana ndokuunza chi—chibereko chorufu. Iye, ru . . . Rufu chibereko chekubatanidza Satani naEvha, pamwe chete.

¹³⁰ Evha aive neShoko. Satani anopesana neShoko. Uye, tarisai, chikamu potse chaRo chose, Satani akabvuma kuti ndizvo. “Zviru pedyosa,” Bhaibheri rakati, “mumazuva okupedzisira, zvaizonyengera Vasanangurwa chaivo dai zvaigoneka.” Onai kuti zvinopinda sei, kuti zvakagara zvakadaro sei, kuti zviru kuzobuda sei? Nenzira imwe cheteyo, kubatana kwekusatenda muShoko rose raMwari rakazara. Mazvibata here? Ndizvo zvakaunza rufu, kubatanidza kusatenda neShoko. Kusatenda, kungori chikamu chidiki, kwazvo chako; kadiki-diki, kwazvo, kadukusa, kachikamu kamwe kezana kemuchikamu chimwe chete chezana. Asi Rinofanirwa kuva rose zvaro! Ndizvo zvega.

¹³¹ Cherechedzai, mwanasikana waMwari, Chechi, Mwenga, chibereko zvekare, chaMwari neShoko raVo, zvichibatana. Mweya Mutsvene uchibatana mumutumbi wenyama, Wakabereka Mwanakomana waMwari, chibereko chekururama kwaMwari. Uye muzuva rekupedzisira, sezvatinoudzwa, “sezvazvaiva mumazuva eSodhoma,” Mwenga achabatanidzwa neShoko raMwari raratidzwa munyama, Mweya Mutsvene uchivasimbisa muna Mwari, nekusimbisira kusatenda kunze, neche kunze.

¹³² Sezvandakataura, dai hupenyu hwaBeethoven hwaiva mauri, waizorarama saBeethoven; dai hupenyu hwaHitler hwaive mauri, waizorarama saHitler. Uye kana Hupenyu hwaKristu huri mauri, unorarama saKristu, uye mabasa aKristu unoaite. Uye ndizvo zvazvichave. Dai Kristu akararama nhasi, Aizoita chaizvo zvakataurwa neShoko kuti Achaita nhasi. Uye Shoko rakati, “Ndiye mumwe chete zuro, nhasi, nokusingaperi.” Seiko nyika yezvehufundisi iyi yakapofomara isingagoni kuona nguva yavari kurarama? Maona?

¹³³ Evha akakonzero rufu rwese rwepanyama, nekuedza kupinza imwe dzidziso yakatsauka yaSatani muShoko. Uye ndicho chinhu chimwe chete chakaitika kucheche, paNicaea, kuRoma, vachitora dzidziso dzakatsauka panzvimbo yeShoko. Ndicho chinhu chimwe chete muMethodisti, Baptisti, Presbyteriani, Chiedza pachinobuda muzera roga-roga zvino vanobva vaChiramba.

Ndicho chikonzero maLutherani akafa pakasimuka Wesley. Maiva mune rimwe zera. Shoko rakauya, uye vaifanira kuRigamuchira kana kuti vofa. Ndicho chikonzero maPentekosti ari kufa zvino, nekuti zera rasvika. Shoko rakararatidzwa, nguva yechapungu, nguva yekuti Shoko richidzoka, “kudzoreredza Kutenda kwemadzibaba, kuchidzoka kuvana zvakare.” Uye vakabatana kwazvo, vanoRiramba, zvino havasi chinhu kunze kwerufu rwepamweya. Nguva dzose . . .

¹³⁴ Mutumbi waMwari, wakabatana seMwenga waKe, uri Mumwe; Ivo naKristu, pamwe chete, ndiwo Mweya uri kushanda munyama yeChechi sekushanda kwaWakaita munyama yaJesu Kristu, nokuti Chikamu cheMutumbi waKe. Kwete vaviri; asi Mumwe! Vari Mumwe. Murume nomudzimai havasisiri vaviri, asi mumwe. Uye Kristu neMutumbi wake Mumwe. Zvino Mweya mumwe chete waiva muna Kristu uri muMwenga waKe, muMutumbi waKe, unoVabatanidza pamwe chete neShoko rose. Uye Mwari vachigara imomo, pachaVo, vachizviratidza.

¹³⁵ Uye antikristu, ari kuti, “Oo, ndinotenda muna Kristu, ndinotenda muEvhangeri, ndinotenda muZvinhu izvi, asi, munoziva . . .” Hezvo ka izvo. “Asi, munoziva, mazuva ezvishamiso akapfuura. Hakuna zvakadaro, munoono.” Hezvo ka izvo. “Oo, handitendi kuti unofanira kubhabhatidzwa muZita raJesu Kristu.”

¹³⁶ Asi Bhaibheri rakati wakadaro. Zvino ndinoda mumwe mudzidzi webhaibheri kuti apikisane nazvo. Maona? Maona? Zvinofanira kudaro. Unoti, “Handiti, rubhabhatidzo haruna mutsauko warwunoita.” Saka, zvino, rwakanyorerwei? Sei rwakaita mutsauko kuna Pauro? Sei rwakaita mutsauko kune vamwe vose? Inyaya yekuti wakabhabhatidzwa . . .

Bhaibheri rakati, “Iwe une zita rinoti unorarama, asi wakafa,” nekuti hakuna rimwe zita rakapihwa pasi peDenga.

Ko sei uchiparidza nemaRiri, uchinamata nemaRiri, nezvimwe zvose, asi, paunouya kudziva, woRiramba? Uh-huh. Maona?

Ndakati kune mumwe murume rimwe zuva, ndakati, “Ko kana munhu . . .”

Akati, “Hazvina mutsauko wazvinoita.”

¹³⁷ Ndikati, “Kana munhu akauya kwauri, obva ati akabhabhatidzwa muzita re ‘Ruva reSharoni, Hapa yomuMupata, neNyeredzi yeMangwanani, mungati zvakanaka here?”

Iye akati, “Kwete, changamire.”

Ndikati, “Ungamubhabhatidza zvekare here?”

“Hongu.”

Ndakati, “Waizomubhabhatidza sei?”

Akati, “Muzita ra ‘Baba, Mwanakomana, neMweya Mutsvene.’”

¹³⁸ Ndikati, “Zvakanaka, zvino waita chaizvo, waisa . . . Kana uchidana iwayo ‘mazita,’ wangoita zvimwe chete zvaakaita paakati, ‘Ruva reSharoni, Hapa yomuMupata, neNyeredzi yeMangwanani,’ nokuti idunhurirwa, uye ‘Baba, Mwanakomana, neMweya Mutsvene’ idunhurirwa. Maona?”

Akati, “Asi Jesu akati bhabhatidzai, ‘Zita.’”

¹³⁹ Ndikati, “Ndizvo chaizvo zvaAireva kuti zviitwe. Asi ko mune, kwete—kwete . . . Haana kuti, ‘danai mashoko aya.’ ‘Vabhabhatidzei muZita,’ Zita! Oo, ini zvangu!” Ndikati, “‘Baba, Mwanakomana, neMweya Mutsvene’ madunhurirwa. ‘Zita raBaba, Mwanakomana . . . Zita raBaba, Mwanakomana, neMweya Mutsvene.’ Maona?” Ndikati, “Ko Petro akati Raiva ripi? Ko vamwe vose vakati Raiva ripi? Maona? Nderipi? Uh-huh. ‘Ishe Jesu Kristu’ ndiro Zita ra ‘Baba, Mwanakomana, neMweya Mutsvene.’” Ane vanhu vemunyikamo vangangosvika zviuru makumi matatu vaanofanira kubhabhatidza zvakare iko zvino. Maona? Zvakaringana. Asi ndizvozvo. Pauro akati, “Kana Mutumwa akabva Kudenga . . .”

¹⁴⁰ Pauro akaudza vanhu vakanga vasina kubhabhatidzwa muZita raJesu Kristu, Mabasa 19:5, kuti, kuti vagamuchire Mweya Mutsvene, vaifanira kuuya. Kunyange vaidanidzira nokurumbidza Mwari, vachiita zvinhu zvikuru, akati vaifanira kudzoka vobhabhatidzwazve, zvakare, muZita raJesu Kristu. Mushure mekunge Johane Mubhabhatidzi avabhabhatidza, vaitofanira kudzoka kuzobhabhatidzwazve.

Uye akati, muna VaGaratia 1:8, “Kana Mutumwa anobva Kudenga akakudzidzisi chimwe chinhu chisiri chandakakudzidzisi, ngaave akatukwa.” Hongu, changamire. Saka tinofanira kugara neShoko iroro, Shoko rose raRo. Maona?

¹⁴¹ Cherechedzai. Oo, harina zvipomerwa; iva nechokwadi chizere. Kana paine chiri kupokana mupfungwa dzako, zviri nani uzvigadzirise iko zvino. Usamirire kusvika panguva iri mberi, watononokesa. Usamirire kusvika watora munembo zvakadzama zvekuti haufe wakaRiona zvachose, unenge wave bofu.

Akapofomadza Israeri, kuti Aratidze Shoko raKe. Ari kuita zvimwe chetezvo kuMarudzi, nekuti pano—pano apa vari kufamba vachipinda mazviri sezvavakaita kareko.

¹⁴² Cherechedzai, Evha akaramba pamwe nekurasikirwa nekodzero dzake. Mushure mekunge aona Shoko richisimbiswa naMwari, zvaVakanga vaita, akaRiramba zvino ndokurasikirwa nekodzero dzake. Ndizvo zvimwe chete zvavakaita paNicaea, kuRoma. Uye zvimwe chete zvavari kuita iko zvino paMubatanidzwa Wemachechi, izvozo chaizvo. Hama, pane, kubva muna Genesi kusvika kuna Zvakazarurwa, chinhu chimwe chete. Ndizvo zvakaitwa neIsraeri. Ndizvo zvakaitwa naPirato. Ndizvo zvakaitwa nechinhu chacho chose, nguva dzose, kubva kuna Evha kusvika zvino, chinhu chimwe chete. Panoramba Shoko rakasimbiswa vitora dzidziso yakatsauka, panzvimbo yacho. Zvinoumba rufu, rufu pamweya.

Vakafa! Shoko richiri kuparidzwa kuvakafa. Ndizvozvo! Hazvizopindi nemu Mireniyamu, zvino, maona. Vatori—vatori, vakatoparidzirwa kare. Zvichida vari kutoRiwana izvozvi. Maona?

¹⁴³ Vanakomana vaKaini, avo vaive chibereko chekusatenda Shoko raMwari, Vanakomana vaKaini vakaseka shoko romuporofita Nowa. Munozvicherechedza here? NeShoko raMwari akanga aunza mu—mutongo wakafanotaurwa, uye aiva nezviratidzo zvakajeka, zviratidzo zvakasimbisa kuti nguva yakanga yasvika pakuguma, asi vanakomana vaKaini vakaRiseka.

Saka sezvavanoita zvino. Ndizvo, izvo, vakaita muzuva raJesu. Ndizvo zvavakaita mumazera ose. Zvagara zvakadaro. Vanoseka nekuita jee naRo. Akati, “Namazuva okupedzisira vachauya vaseki, vachiti, ‘Hapana mutsauko wenguva, kubvira madzibaba edu akavata.’” Handiti, maona?

¹⁴⁴ Ndizvo zvakaitawo vanakomana vadhiyabhore, kubudikidza nehurongwa hwezvinamoto, paShoko rakaraidzwa munguva yaJesu Kristu. Tarisai, hurongwa hwezvinamoto hwevanhu vechiJudha, (Hanzvadzi Rose), vanhu vechiJudha vaifanira kunge vakaziva zviri nani, asi tsika dzavo dzakavakonzera kuti varambe pamwe nekuseka Shoko raMwari (iro ravaiti vanotenda) richiratidzwa, pasina Shoko rimwe rakabva munzira. Vakaita zvimwe chetezvo.

¹⁴⁵ Zvimwe chetezvo sezvavanoita nhasi. Hurongwa wezvinamoto mumuchina mukuru uyu hwavakazvigadzirira

zvino vachazo, zvirokwazvo, vakaramba vimbiso dzenguva yekupedzisira; neMharidzo yenguva yekupedzisira, nechiratidzo chenguva yekupedzisira, zvese zvenguva yekupedzisira zvinofanira kuvapo, sokufanotaurwa kwazvakaitwa naMwari, Shoko neShoko.

Riri pamatepi. Kana—kana vakandipfura, kana chero hazvo zvavangaita, havafe vakamisa Mharidzo iyoyo! Maona? Ichaenderera mberi yakadaro. Maona? Yakatobuda. Yakatepwa. Yakaenda. Maona? Havaimbokwanisa. . . I—IShoko rekuguma, iko zvino. Kwan- . . . Rakanyatsosimbiswa nekuratidzwa, kakawanda, nezviratidzo, zvishamiso, nehurongwa, ne—neSimba rinofambisa, ne—nesainzi, nechechi, naMwari pachaVo, vakaratidza kuti ndiyo nguva yacho; zvose neShoko, uye nezviratidzo nezvishamiso.

¹⁴⁶ Mharidzo yakasimbiswa naMwari pakati penyu, nezviratidzo nezvishamiso zvenguva. Mharidzo yokuti Jesu Kristu haana kufa, asi anorarama zvimwe chete sezvaAgara ari, uye achitumira mberi. Uye zvinonyatsozadzisa Maraki 4 nemamwe Magwaro ose akanzi naJesu aizova mumazuva ekupedzisira, akazadzikiswa zvakazara, zvose nesainzi, nenyika. Uye mamagazini akatakura mifananidzo mikuru yemadenderedzwa eChiedza, zvakafanotaurwa pano. Ngirozi dzaMwari, dzakadzika pasi, dzavasina chavanoziva nezvadzo. Uye kwese, kwese zvako, zvakaraitidzwa, pasi rose!

¹⁴⁷ Chinotevera kurovererwa, uye tatarisana nako. Sezvakataurwa naJesu panguva iyoyo, “Ndichati kudii, ‘Ndiponesei, Baba, kubva panguva ino?’ Asi, kwete. Kuda kwenyu ngakuitwe, munoono, panyika, sezvazviri Kudenga.”

¹⁴⁸ Ndizvo zvinotaurwa neChechi, nhasi, kubva pamoyo wayo, “Ini kubatana nechimwe chinhu. . . ? Kwete, Ishe, kwete. Kuda kwenyu ngakuitwe, sezvazviri Kudenga.”

¹⁴⁹ Cherechedzai, mushure meShoko rakavimbiswa rezera rakasimbiswa, vakaRiramba. Vaita zvimwe chete nhasi. Uye zvino ndave kusvika pakupedza zvino. Uye sokuuya kwaAkaita ipapo Achizvizivisa pachena kuti ndiye Shoko, zvino zvasvika pamangange ekuti vanofanira kusarudza Shoko here kana kuti vitora hurongwa; zvasvika pachinhu chimwe chete nhasi, vanofanira kusarudza Shoko kana kutora hurongwa. Zvino vakatora hurongwa. Zvino zvinoita sei? Mukuvhara. Ari mumaoko enyika. Ndizvo.

¹⁵⁰ Zvino, chidzidzo changu. Inzira yakareba zvino yokuumba nayo, asi zvino ndichangotanga, munoono. Musasimuke, ndanga ndichiseka hangu. Onai, hechinois chidzidzo changu. Tinoziva izvozvo. Uku kuisa nhangaruvanze. Tave nazvo zvese mumutsara mumwe chete zvino. Ngatizviisei panzvimbo yazvo tione kuti zvinoratidzika sei, tonyatsozviingorora.

151 Jesu ari pamaoko evanhu. Riri mumaoko echechi. Muchaita sei naJesu uyu anonzi Shoko rakazodzwa? *Kristu* zvinoreva kuti “Shoko rakazodzwa.” Maona?

“Muchaita sei naJesu uyu?” Pirato akadaro. “Ndoita sei naRo? Ndezvipi, ndozvifambisa sei? Ndoita zvekudini naJesu uyu anonzi Kristu?”

152 Nyika yakadaidzira kuti kudii? Chechi yakadaidzira kuti kudii? “Rirovererei! Rimisei! HatichaRida zvachose.”

153 Ndinoda kukubvunzai chimwe chinhu. Mungafungidzira here mhosva iri mumaoko aOswald, mangwanani ano, uyo akaponda Mutungamiriri wenyika? Mungafungidzira here kuti kutongwa kwake kuchavei kana akaonekwa pachena kuti ndiye akazviita? Mungagona—mungagona kufungidzira kuti pachave netsitsi here dzaangawanirwa? Ropa reMutungamiriri weUnited States riri pamaoko ake. Munofunga kuti Dare Rehurumende . . . Zvisinei nokuti ateterera zvakadini, “Ndanga ndisingare kuzviita,” hazvimupembedze nepadiki pose. Achaparara. Sei? Ane ropa reMutungamiriri wenyika pamaoko ake. Ungambofungidzira here manzwiwo ake? Ungazvida here mumaoko ako? [Ungano inoti, “Kwete.”—Mupepeti]

154 Zvakanaka, ko kuzoti Ropa raJesu Kristu zvino? Unofunga kuti ucharegererwa, mushure mekunge Ranyatsosimbiswa? UchaRipukunyuka sei? Ropa raKe riri pamaoko ako, une mhosva! Mutadzi, uri kuendepi kubva pano? Uchaitai mushure memusangano mangwanani ano?

155 Iwe unofunga, unoti, “Zvakanaka, ndanga ndichida . . . Ndakanga ndisingareveri kuve ndakaipa.” Oswald anogona kutaura zvimwe chetezvo.

Kana mutongo weDare redu Repamusoro-soro uchidanira kururamisa, richatonga. Ndiro—ndiro . . . Ndiro mhedziso yenyika yedu. Nyika yose yakasungirirwa kuDare irori Repamusoro-soro, uye hapagoni kuva nechinosara. Akapara mhosva. Achatozviriipira. Hazvina mhosva kuti anga asingarevi kuti adaro zvakadii, kuti vavariro yake yaiva yei, kana kuti hapanei pamusoro pazvo; achangozvibhadharira, zvakadaro.

Kana Dare redu Repamusoro-soro uye nekururamisira kwaro kuchida muripo wemubairo, zvakawedzera zvakadini pauchazozviwana iwe pachako paChigaro cheKutonga chaMwari, uchiuya neRopa raJesu Kristu pamaoko ako? “Ndichaita sei naJesu uyu anonzi Shoko rakazodzwa?” WakaRinzwa. UnoRiziva kuti iChokwadi. Rakanyatsosimbiswa zvizere.

156 Mhondi? Ungashuvira here mhondi yeShoko yemasangano, kupfuura Kristu asina mhosva? Ungaroverera here? Unga—ungashinga here kutora Bharabhasi? Ungagona kudana Bharabhasi here? Hungave hushingi hwemunhu hwakadini kuita

izvozvo, kudana Bharabhasi, mhondi yeShoko; pane kutora Shoko, pachaRo, rinova Hupenyu. Uye Riri mumaoko ako.

¹⁵⁷ Pandakanzwa nezvekupondwa kweMutungamiri Kennedy, Mharidzo iyi yakawira pamoyo pangu. Ndakafunga kuti, ku murume uyu achaita sei? Hapachina nzira yekubuda nayo mazviri zvino. Anogona kunge atochekuka panguva ino zvino achicherechedza zviri mberi.

¹⁵⁸ Uchachechuka imwe nguva. Pano, kana patepi, chero papi paungava, uchachechuka imwe nguva, mutadzi, ugocherechedza kuti pane Ropa paruoko rwako, Ropa reMwanakomana waMwari, uye une mhosva yekuMuponda. Chivi chako chakaMuponda. Kusatenda kwako muShoko raKe, kutadza kwako kuona kuziviswa Kwake, wakachemedza Mweya Mutsvene ukaenda. Zvino chii chaungaita kunze kwekumira paKutonga kwaMwari, uchiziva zviri kuzoitika kwauri! Hongu, ropa raJohn Kennedy pamaoko aOswald richava chinhu chidiki, kupfuura Ropa raJesu Kristu pamaoko ako pauchamira pamberi paMwari.

¹⁵⁹ “Ndichaita sei naJesu uyu anonzi Kristu?” Pirato akadaro. Akanga aiswa pamaoko ake.

Uye Ropa raJesu Kristu raiswa zvakare pamaoko eungano ino. Rakaiswa pamaoko enyika ino, nekweise pasi rose, kwese kwakambosvikwa nematepi aya, nezvinhu zvakasimbiswa nekuratidzwa naMwari.

Zvino tichaita sei naJesu uyu anonzi, “Mumwe chete zero, nhasi, nokusingaperi”? Tichaita sei naJesu uyu? Wagadzirira here kutora nzvimbo yako parutivi rwaKe?

¹⁶⁰ Pirato, pachinhu chimwe chete chakaitwa naPirato, pachine zvinhu zvitatu zvaunogona kuita naYe. Pirato akaedza zvose zvitatu, akazvipotsa. Mazano matatu aungaedza kushandisa, asi haafe akashanda. Pirato akaedza kuMubvisa mumaoko ake. Asi kana angoiswa mumaoko ako, Riri pamaoko ako. Pirato akaedza nzira nhatu dzakasiyana, akakundikana.

¹⁶¹ Tinofanira kutarisana nechokwadi chekuti Ari mumaoko edu. TakaMuona muShoko raKe. TinoMuona achisimbisa Pachake. Tinoziva kuti ndiYe mumwe chete zero, nhasi, nokusingaperi. Ndizvo here?

Zvinoka, handisi kungotaura neungano ino pano mangwanani ano, nokuti ndiri kungotaura nevanhu mazana matanhatu, manomwe, zvichida, asi ndiri kutaura kune mamiriyoni mutepi ino ichatenderera pasi rose. Maona? Ari mumaoko enyu, munyika dzematepi, kwese kwaunenge uri. Unoziva kuti Ichokwadi. Kana ukasadaro, ipapo uri bofu; haukwandise kuona Shoko, kana kuona Mwari muShoko. Uye Ari mumaoko ako. Zvino uchaita sei naYe?

¹⁶² Pirato akaedza kuMubvisa, asi tinofanira kutarisana nechokwadi chacho. Pirato akatotarisana naRo. Aiziva. Akanga anzwa.

Zvakanaka, unoti, “Hapana chandakamboona nezvaro.” WaRinzwa, zvakadaro. Uri kutoRinzwa iye zvino. Maona?

Aida kuti Jesu aite chishamiso, kana rimwe saramusi, kwaari. Asi Akanga asiri kuita masaramusi; Aingoita sekuudzwa kwaAitwa naMwari.

¹⁶³ Makanzwa. “Kutenda kunouya nekunzwa.” Une kutenda, zvino wobva wabva, kuti uri bvise pamaoko ako. Asi anofanira kutarisana nechokwadi chacho, zvakangodaro. Akadaro, zvino saka nesuwo tinofanira kutarisana nechokwadi. Akanyatsoratidzwa zvizere. Imbofunga, uine Ropa reMunhu pamaoko ako!

¹⁶⁴ Munhu anofanira kungwarira kana aine ropa remumwe remunhu pamaoko ake. Tarisai ndege. Mutyairi wendege ari kunze mundege, paanomutsa ndege iyi, anotarisa kamudziyo kose kanoongorora zvairi. Sei? Ane ropa remumwe munhu pamaoko ake. Kamudziyo kese kadiki kekuongororesa kanogona kutariswa, anokaongorora. Paanobuda otenderedza ndege, a— a— anorevha mo—mo—mota, injini, oona kuti yadziya. Anointsika mafuta kusvika painoperera, aone kuti kufuridza kwayo kucha—kucha. . . kana ichazokwanisa here ku—ku—kumanikidza, kana kuti kumutsa chinotenderera, zvakare, nemhepo yakakwana kuti isimuke kubva pasi.

Makambomira, vazhinji venyu, mundege, kana kugara pasi ipapo, zvino ndege inoita seichazunguzwa ichibva pasi, potse. Ari kuipa zvese zvainazvo, kuti aone kana paine chisiri kunyatsoshanda zvakanaka. Kana zvikadaro, inoputika—putika yobva yangofa pakarepo. Asi anoiogorora zvakare, kunyangwe kana zvichitoreva kuti ambogarapo kwechinguvana, kusvikira aiongorora zvakare. Zvino kana vakambobata nguva yake zvishoma, anoiogorora zvakare.

¹⁶⁵ Chechi inofanira sei kunge ichizviongorora zvakare, uye zvakare, uye zvakare, uye zvakare! Takamirira Kuuya Kwake. Tiri kumuka, takamirira kubhururukira muchadenga. Zviri nani tizviongorore neShoko, kwete zvakataurwa nemumwe munhu. Iva nechokwadi chokuti unozvizivira, iwe pachako, sechiitiko chako iwe pazima naKristu. Zviongorore zvakare, uye zvakare, uye zvakare.

Sei? Ane ropa remunhu pamaoko ake. Zvitori nani aongorore.

¹⁶⁶ Zvakadini nachiremba, vasati vaita oparesheni? Tine vanachiremba vashoma vakagara pano mangwanani ano. Cherechedzai, kuti chiremba, zvaanoita asati aenda kunovhiya. Anoda x-ray. Anoda kuongorora ropa. Anoda kuongorora moyo. Anoda kuona kuti une dzihwa here, asati akupa mushonga

wekukotsirisa. Anotarisa midziyo yese; anoifashaidza, zvakakwana, kuona kuti hapana utachiona pairi. Anoita zvose. Anonyatsoongororazve, uye zvakare, uye zvakare, uye zvakare, zvakare. Sei? Ane ropa remunhu paruoko rwake. Anoda kuva nechokwadi chizere chokuti zvinhu zvose zvakarurama sezvazvinofanira kuva zvakarurama.

¹⁶⁷ Ko iwe? Ko iwe, mutadzi, unonzwa sei nezvazvo?

Kuti uve neropa romunhu paruoko rwako, mutoro sowemutyairi wendege, uye anoongorora; chiremba, uye anoongorora; uye nevamwezve vazhinji, vakawanda vezvesainzi; kana uine ropa remunhu pamaoko ako, zvauchaita!

Kana mutongi achizopa mutongo, tarisai kuti anorava sei mabhuku iwayo, achidzokorora ogodzokorora nekudzokorora ogodzokorora nekudzokorora, kune kanhu kese kadiki kaangagona kuona, asati apa mutongo. Nokuti, ane ropa romunhu pamaoko ake, panofanira kuva nechimwe chinhu ipapo chinoruramisa nyaya yacho. Maona?

¹⁶⁸ Ko isu, kana tichiRiona richinyatsoratidzwa zvizere, kuti, “Ndiye mumwe chete zuro, nhasi, nokusingaperi?” Ari pano. Ari mumaoko edu. Ari mumaoko edu. Ari mumaoko ako! Uchaita sei naYe? “Ndichaita sei naJesu uyu anova Kristu akazodzwa?”

“Ko Rinoita sei? Unoziva sei kuti NdiYe?”

Vimbiso yezuva rino, zuva ratiri kurarama mariri, pane zvakawanda zveMagwaro anoti, mainji akadai aRo anofanirwa zvadziswa, mainji aya ekupedzisira ezuva rino rokupedzisira. Pane zvimwe zvinhu zviri *pano* zvinofanira kuitika, uye hepanoi pazviri. Chii? Kristu mumwe chete akazodzwa, Shoko rakazodzwa! Uchaita sei naRo? Uri kuzoRitengesa kusangano here?

¹⁶⁹ Zvino Pirato akaitei? Pirato akaedza kuMushamba kubva pamaoko ake, achiti...Chinhu chokutanga Pirato chaakaita akaedza kuMugeza kubva mumaoko ake, achiti, “Oo, Akanaka. Akarurama.” Maona?

¹⁷⁰ Iwe woti, “Oo, Pirato anonzvisa tsitsi.” Pirato, vazhinji vavo vanomururamisa here? Kwete, kwete, kwete! Akanga ari mumaoko ake. Akanga anzwa Mharidzo, akanga aona Shoko, uye Akanga ari mumaoko ake. Ndizvo zvaAri mumaoko ako. Ndizvozvo.

Akaita sei? Akaedza kuti, “Oo, zvino, Munhu akanaka. Handiwani mhosva maAri.”

¹⁷¹ Kana isiri iyo mhi—mhi—mhinduro yavazhinji nhasi! “Oo, hapana chakaipa neShoko. Ndinofungidzira kuti rakanaka. Bhaibheri rakanaka, asi tinotenda chechi. Sangano redu hariwirirani naRo.” Maona? Maona? Pane rimwe boka revanhu riri kuedza kuMugeza kubva paruoko rwake.

“Handiwani mhosva muShoko. Rakanga rakanaka kuvaapostora muzuva ravo, asi tiri kurarama mune rimwe zuva. Hatisi kurarama muzuva revaapostora, saka naizvozvo handifaniri kuita sezvaitwa nevaapostora. Handisungirwe kubhabhatidzwa nenzira yavakabhabhatidzwa nayo; ndiri kurarama mune rimwe zuva. Handisungirwe kuva nezvinhu zvavaive nazvo; ndiri kurarama mune rimwe zuva. Mweya Mutsvene wakangopiwa kuboka iroro chete.”

¹⁷² VaHebheru 13:8 inoMudzosera mumaoko ako zvakare. Hapana manzvengero! Akanyatsosimbiswa zvizere, “Ndiye munwe chete zuro, nhasi, nokusingaperi.” Hauna manzvengero. Haukwanise kuMupfuudza kune rimwe zera. VaHebheru 13:8 inopomera pfungwa dzako, yoMudzosera mumaoko ako zvakare. Saka Jesu ari mumaoko ako, sezvazvaive mune aPirato.

Hona. Unoti, “Asi ini handizive.” Zvakanaka, ko sei uri kuteerera?

¹⁷³ Pirato aive munamati wezvimumpunzo. Mudzimai wake aive munamati wezvimumpunzo. Asi Mwari, kuti vazviruramise, vakatumira mudzimai iyeye ndokuti, “Usave nechekuita neMurume uyu akarurama.” Akati, “Ndatambudzika nhasi.” Nokuti, akanga ari mangwanani, zvakaitika usiku, zvino maawa makumi maviri namana anonzi izuva. “Ndatambura nedzimwe hope manheru ano, dzeMunhu uyu akarurama. Usawane chekuita naZvo.”

¹⁷⁴ Zvino akati, “Zvakanaka, zvino, kana zvakadaro, ndichangoMushamba kubva mumaoko angu.” Asi haana kugona kuzviita.

Newewo haugone. Kana wangonzwa Chokwadi, unofanira kuChigamuchira kana kuChiramba. Hapana maitiro. . . Hongu, changamire, unofanira kuzviita. Yambiro dzaShe!

¹⁷⁵ MaJudha akadanidzira achiti, “Regai Ropa raKe rive pamusoro pedu; nokuti tinotenda vaprisita vedu, hurongwa hwemasangano edu, tisati taMutenda.”

Hezvoka izvo. Maona mapoka acho nhasi? Asi vese vanofanira kutarisana nenyaya yaMwari. Mese munofanira kutozviita, zvakadaro, muhedheni kana chero zvaungave. Asingatendi, Methodisti, Baptisti, Presbyterian, anodziya, anotonhora, anopisa, uye chero zvipi zvaungava, unofanira kutarisana nenyaya yacho zvimwe chete. Ungave uchida, kana usingade, Riri pamaoko ako. Ndizvo chaizvo.

¹⁷⁶ Panozoitawo avo vanoedza rimwe zano raPirato rokunzvenga nyaya yacho, kuMupfuudza mberi kune mumwe Kesari. Maona?

Pirato akati, “Zvino chimbomirai zvishoma. Ini—ini—ini—ini handidi kuva nechekuita naZvo. Ini—ini—ini—ini. . . Iye Munhu wakarurama. Ini—ini handidi kuwana chekuita naYe. Oo, ndi—

ndinotenda zvandanzwa. Handisati ndamboMuona achiita chishamiso, asi pane zvapupu zvaKe zvakawandisa. Ndi—ndi—ndinotenda kuti Munhu Akarurama. Munhu Akanaka, munoona, asi—asi ini—ini handidi kuva nechekuita naZvo, ini pachangu. Ndi—ndi—ndichango. . . NdichangoMugeza kubva mumaoko angu. Ndiunzireiwo mvura. Imi mose muri kundipupurira pano.” Hongu. Kana Mwari vakanga vachipupurirawo, zvakare. Akanga ari mumaoko ake.

¹⁷⁷ Ndizvo zvaAriwo mumaoko ako. Munoona, imi, munoziva zvandiri kutaura. Maona? Kwete imi chete, asi patepi ino. Ari mumaoko ako. Uchaita sei naYe, uyu Jesu anonzi Kristu? Kristu iShoko Rakazodzwa. Maona? Uchaita sei naRo? IMharidzo yenguva ino. Zuva rasvika, rakanyatsoratidzwa neBhaibheri uye naMwari. Uchaita sei naRo? Uchanzvenga sei nyaya yacho zvino? Uchabudirira sei pazviri? Ari mumaoko ako! Uye nyaya yaOswald ichava diki, pane yako, kunyange uri mushumiri kana chero ani waungava.

¹⁷⁸ MaJudha aiva vapisita, vanarabhi, vadzidzisi, varume vatsvene; asi Akanga ari mumaoko zvakangodaro. Akanga ari Shoko, nyaya yaMwari yezuva iroro, uye vakakundikana kuRiona. Vasanangurwa chete ndivo vakaRiona, avo vakaRitenda.

¹⁷⁹ Zvino vose vanofanira kutarisana nenyaya yacho. Muzera rega-rega zvakanga zvakadaro, nguva dzese. Nemuzera raEvha naAdhama, zvichidzika kusvika kuzera raNowa, zvichidzika munguva yaDhanieri naBheteshazari naNebhukadhinezari, zvichidzika kusvika munguva yaKristu, zvichidzika kusvika munguva ino yatiri kurarama, zvanga zvakangofanana, nyaya yeShoko yauya. Kwete chitendwa chavo, kana kwete sangano, kwete dzidziso, asi, nyaya yeShoko yanga ichipikisana nezvinhu izvozvo. Saka, zvino, Rava mumaoko zvino.

¹⁸⁰ Zvino avo vanoedza rimwe zano raPirato, rokuMubvisa, nokuMupfuudza mberi kune mumwe munhu. Pirato akati, “Zvino, munoziva chii? NdichaMubvisa muruoko rwangu. NdichaMugeza kubva mumaoko angu nemvura iyi. Saka ndichango. . . Ndinofanira kuita chimwe chinhu naYe. Saka ndichaita sei? NdichaMutumira kumuzinda mukuru, nemubhishopi.” Uh-huh. Hongu.

Ndizvo zvavanoedza kuita nhasi. Maona? VakaMutumira kuna Kesari. Izvozvo hazvina kuMubvisa mumaoko aPirato, kuMubvisa paruoko rwaani zvake. Zvakaitei? Zvakamudzokera. Kunyatsodzoka kumwene wazvo.

¹⁸¹ Unoti, “Zvino, ndaizodaro, ndaizozviita. NdaiRigamuchira kana sangano rangu raiRigamuchira.”

Sangano rako riri muMubatanidzwa Wemachechi, rakapomerwa! VachaRigamuchira sei? Rinodzoka, richiuya kwauri chaiko. Hazvisi zvinotaurwa nesangano rako; asi kuti,

iwe unoti kudii? VakaRiramba; zvino uchaitei naRo? Ndiyo nyaya inotevera. Maona? Izvi hazviMubvise mumaoko ako.

Akanyatsosimbiswa. Akanyatsoratidzwa, Shoko renguva ino, vimbiso yenguva ino. Kwete vimbiso yenguva yaLuther; rakanga riri iRo panguva iyoyo, rakanga riri Shoko muzera remuvandudzi. Sekuti, imi mose makanzwa Zvisimbiso Zvinomwe, pakapera zera revavandudzi, Chisikwa chine huso hwakaita sehwo munhu (sangano) chakabuda; asi uhwu huso hwechapungu, Chisikwa chiri kupikisa nhasi.

¹⁸² Uye ndiani angaita hushingi hwekutaura kuti rakanga risiri Shoko raMwari rakafemerwa, apo AkafanoRitaura pano, ndokutumira uko kuArizona ndokuRidzosazve, kunyangwe nesainzi nezvimwe zvole, ndokuRiratidza kuti ndiro! Bhuku iri rakatovhurwa kare, ndizvozvo, rakangomirira Chisimbiso cheChinomwe kuti chiziviswe paKuuya kwaKristu.

¹⁸³ Zvakanaka, Ari mumaoko ako. Unofanira kuita chimwe chinhu naYe. UsaMubvisa. Hongu, changamire. Muchikamu chino, ndinoda kuti, “kuMupfuudza mberi kune mumwewo munhu.”

“Kana sangano rangu rikaRigamuchira, Hama Branham, ndino—ndinoRigamuchira. Asi, munoona, amai vangu vaiva vemuchechi ino.” Vakararama muzera ravo; hausi iwe. Ndiwe iko zvino. Tarisa zvakakatozobuda mazviri, kuti vave zvavaiva. Ko zvino iwe? Zvakanaka.

¹⁸⁴ Hona. Unoti, “Ami vangu vaiva muPentekosti. Vakaita *zvakati nezvokuti*. Vakabuda kubva musangano.” Asi ndiri kuedza kutaura newe zvino. Ko iwe? Maona?

Muchikamu chino, tinowana vakadzidza vakawanda. Zvino, ndinoziva kuti ndicharwadzisa manzwiwo pano, asi handizviiti nemaune. Kana ndikadaro, zvino ndi—ndinofanira kunge ndiri zasi paartari, ndichitendeuka. Ndiri kutaura izvi murudo rwehumwari.

¹⁸⁵ Jesu, paAkamira ipapo, nevaFarise; akatoti, “Imi muri vababa venyu, dhiyahore; mabasa ake ndiwo amunoita.” Asi zvakadaro akadanira rugare netsitsi kwavari, pamuchinjikwa, pane vakaMuroverera. Munoona, Akanga asina kuvashatirirwa. Akati, “Imi chizvarwa chenyoka.” Maona? Maona? Zvole, Akavatuka nezvole ZvaAigona, munoona, asi ndokuzovanamatira pamuchinjikwa. Maona? Hazvisi kuti Aida kudaro; zvakanga zvisiri izvo, asi vaifanira kuona kukanganisa kwavaiita.

¹⁸⁶ Uye ndiri kutaura chinhu chimwe chete nhasi, muchikamu che “kukandira nyaya yacho kune mumwe,” kana chimwe chinhu chatinodaidza kumasojwa kuti, “kutambidza dhora kune mumwe munhu.” Tiri kuedza kuzvipfuudza, sezvakaite Adhamu naEvha.

Evha akaedza. Adhama akati, “Mukadzi waMakandipa,” uye izvozvo zvaisava pembedzo kwaari. Maona? Mukadzi akati, “Nyoka ndiyo yandinyengera. Iye...Ndiye aita zvepabonde neni. Andinyengera. Aita *izvi*.” Hazvina kubvisa nyaya yacho, zvachose. Vakaenda pakutongwa, zvakangodaro. Hongu, changamire. Zvakanaka.

¹⁸⁷ Havagone kuipfuudza, mumwe...Haakwanise kuti, “Kana sangano rangu riri razotenda Izvi, ndi—ndinozodarowo. Asi, ndanga ndiri musangano iri.” Hazvinei nechinhu chimwe chekuita nazvo. MaJudha aive nechinhu chimwe chete, newewo unazvo.

¹⁸⁸ Uye, cherechedzai, vazhinji mune ichi, tinowana vanhu vane tsika dzakanaka muchikamu ichi. Zvino nyatsoteererai.

Munoona, tsika, zvatinoti tsika nhasi, ndizvo zvakaunzwa naSatani kuna Evha, tuhuchenjeri tushoma. Akati, “Meso ako haana kuvhurika, zvekuti haunzwisise rose zvaRo.” Aiziva Shoko, uye ndizvozvo zvega. Akaona Mwari vachisimbisa Shoko iroro, uye zvaifanira kunge zvakanaka. Vakanga vachimuchengeta muHupenyu Husingaperi, chero bedzi aigara neShoko iroro. Paakatyora Shoko iroro, aive nevimbiso yaMwari yekuti aizofa zuva raanoRityora. Zvino, paakaRityora, akafa. Ndizvozvo.

¹⁸⁹ Tine Shoko raMwari rakasimbiswa pano, richisimbisa, richiratidza neMweya, kuti Akatigamuchira uye akatipa Rubhabhatidzo rweMweya Mutsvene. Takabhabhatidzwa muZita raJesu Kristu. Vhangeri rimwe chete, zviratidzo zvimwe chete, zvishamiso zvimwe chete, shumiro imwe chete, kunyange Shongwe yeMoto imwe chete ichionekwa pamberi pedu, ichiratidza zviratidzo nezvishamiso. Hapana kana pembedzo, chero hako.

Uye ndizvo chaizvo zvakataurwa neBhaibheri kuti zvichaitika mumazuva okupedzisira, uye nokudana kubva kuna Maraki 4, “kudzoreredza Kutenda kwevana kuchidzokera kumadzibaba avo zvakare.” Uye shure kwaizvozvo, vakaipa vakafamba...kana kuti vakarurama ndokufamba napamusoro pamadota avakaipa; nyika yose yanga iri kuzopiswa. Uye zvinoputika zvakaremba muchadenga uko, mabhomba akarongedzwa musherufu.

¹⁹⁰ Makaona here zvakaizwa neGermany pavakangoziva kuti Mtung-...Mutungamiri wenyika apondwa? Vakaunganidza mauto avo pamwe chete nokukurumidza, nokuti ndicho chinhu choga chakanga chakamisa Russia kuti isakuputitsa nebhomba ikoko. Uye vakarova...Kennedy akangovatumira shoko, kuti, nguva yavanongozviita izvozvo, kuti aizovatsvaira kubva panyika, vachibva muGermany chaimo. Maona? Uye vakafunga kuti vaigona kuitora, asi yakanga isati yakwana nguva yacho, munoona. Maona?

¹⁹¹ Tinowana vaparidzi vakangwara, vakadzidza, vavhangeri, vachiedza kuRikandira kune mumwewo munhu. Maona?

Sei, sei Pirato asina kuti, “Zvakanaka, imbimirai zvishoma, Murume uyu. . . mukadzi wangu uyu auya akandiudza, uye ndakanzwa zvapupu zvakanaka zveNyu. Munoziva, ini—ini ndiri kuda. Ndinoda kuziva. Chii chandingaita kuti ndiwane Hupenyu Husingaperi, Changamire? Muri mumaoko angu. Ndoita sei?” Zvakanaka, iye aizoti—iye aizoti. . . Akati, “Ndi—ndiWe Mesia here? Ndi—ndiWe ma—Mambo wamaJudha here?”

¹⁹² Akati, “Ndizvo zvawataura. Ndiwe wazvitaura.”

“Kana kuti, tiudze, zvechokwadi, ndiWe Mambo wamaJudha here?”

Akati, “Ndizvo zvaNdakazvarirwa.”

Akati, “Handigoni kuwana mhosva maAri.” Uh-huh. “Saka, ndichangoMushamba kubva mumaoko angu.”

¹⁹³ Akamupindura, asi haana kukwanisa kuRigamuchira. Sei? Zvaizoderedza chiremerera chake. Saka akafunga kuti aizotumira kumukuru wedunhu, kuti aone zvaangaita pamusoro paZvo. Maona?

¹⁹⁴ Zvimwe chete zvino, nyaya yacho inouya zvakare. Muchaita sei naRo, Shoko? Chii chaunofanira kuita, kubvunza mukuru, kana mubhishopi, kana mumwe munhu, kuti ungakwanisa here kushandura pfungwa yako yerubhabhatidzo, kana uri ungakwanisa kuita *ichi*, kana kuita *ichi*? Unona *saka*, zvino, “Chaizvoizvo, hausi.” Unozvidzorera kwauri. Kana ukadaro, unodzvingwa. Maona?

¹⁹⁵ Zvaizoderedza chiremerera chevanhu. Hongu, va—vanofunga. . . Uye mubatanidzwa wemasangano hawaigona kumirira. . . Sa—saPirato achiRipa kuna Kesari; havaikwanisa kuRimirira. Kesari akaRidzorera muruoko rwaPirato. Saka vanoedza kuMutambidza kune ravo—kune vakuru vesangano ravo, asi hazvishande. Mano aya haana kumbobvira ashanda, uye haashande. Hazvina kushanda kuna Pirato; hazvishande kwauri; hazvishande kuna chero ani zvake. Zvino, chechipiri, chinhu chaunogona kuita. . .

¹⁹⁶ Chetatu, waro, kuMugamuchira kana kuMuramba. Haukwanise kuMugeza kubva mumaoko ako. Haukwanise kuMupfuudza mberi kune humwe hurongwa, kana chimwewo chinhu. Iwe unofanirwa kutarisana nenyaya yacho. Saka uchaita sei?

SaPirato, akamira nechinhu chimwe chete, akati, “Ndipei mvura, ndichaRigeza kubva pamaoko angu, kuratidza!” Paakadzoka, akanga achiri kufanira kupa mutongo; hazvina kumupa pembedzo. Akaedza kuti, “Zvakanaka, ini, kana ndikatadza kuMubvisa mumaoko angu, ndichaMuisa mumaoko aKesari.” Zvino Rakamudzokera, ndokuuya kwaari.

¹⁹⁷ Rinodaro kwauri, zvakare, sedungamunhu. Uchaita sei? Kwete zvakaitwa naamai, zvakaitwa nababa, zvinoitwa nomufundisi, zvinoitwa nahama Branham, chero ani; Riri pamaoko *ako!* Uchaita sei nezvaRo, naJesu uyu anonzi Kristu? Nokuti, une Ropa pamaoko ako, uye IRopa raMwari. Zvino uchaita sei? Uchava nemhosva yekurovera. Maona?

¹⁹⁸ Unogona kuMurovera, wogamuchira chitendwa chako kana chero chipi zvacho chaunoda, kana woti, “Zvino, ndichangopfuudza. Handingave nechokuita nechimwe chezvinhu zvechechi izvi.” Iwe haugone kudaro. Ari mumaoko ako. Ndizvozvo. Iwe haugone kuzviita. “Ndichangokanganwa nyaya yacho yose.” Haugone kuzviita. Richiri pamaoko ako. “Zvakanaka, ndichangoti, ‘Mufundisi wangu akandidzidzisa izvi.’” Zvinongokudzokera, zvinotongodzoka. Zviri kwauri. Unoziva. Zvino, unogona kuMugamuchira kana kuMuramba, chero nzira yaunoda kuzviita nayo. Chii? Zvinofanira kuuya kune imwe yacho.

¹⁹⁹ Zvino chii? Sezvakareva Jesu kuvaFarise ava, Akati, “Sezvamuri vaFarise mapofu,” munoono, Uyo anozvitauro zvakafanana nhasi, “imi vadzidzisi vezvinamoto mapofu, munokwanisa kunzvera nguva yecommunism. Muri kuirwisa kwazvo, uye munoziva kuti Mwari vakamutsa chinhu ichocho kuti chikuparadzei.” Munoono, kusaziva Magwaro. Maona? “Imi, munokwanisa kunzvera kuti communism ichatora pasi rose. Munokwanisa kuzviona. Munogona kuzvinzvera.”

²⁰⁰ Zvidzidzo zvedu zvese zviri pamusoro pecommunism. “Dzingira communism kunze!” Ndinozvinzwa kusvikira ndave kurwara nekuteerera kwazviri. Ini ndinopesana nayo, zvakare. Zvirokwazvo, ndinopesana nayo. Asi ndinonyanya kupesana nemurume kana mudzimai anoramba Jesu Kristu, Shoko. Kana, ungave uri muparidzi kana chii zvacho chauri, utori musengwa mukuru kuna Kristu kudarika mucommunist iyeye. Haana chaanoziva uye hapana chaanoziva nezvaRo. Iwe unofanirwa kuziva. Maona? Unogona kunzvera nguva yecommunism, asi haukwanise kunzvera chiratidzo chezuva rauri kurarama mariri.

²⁰¹ Jesu akavaudza vaFarise, akati, “Imi vanyengeri!” Akati, “Munobuda motarisa kumatenga, moti zuva rakatsvuka uye richifiduka, mangwana kunenge kusina kumira zvakana. Kana denga rakajeka,” akati, “munoti mangwana kuchave nezuva rakajeka.” Akati, “Munogona kunzvera zviratidzo zveguva, kana kuti zviratidzo zvevatenga nemamiriro ekunze, asi zviratidzo zveguva hamuzvize.” Heunoi Uyu, Mesia, asi vachiRiramba.

Uye tinogara tichitaura pamusoro pecommunism nezvimwe zvezvinhu izvi, asi, chiratidzo chenguva, hatiChioni. Maona? Hatizvicherechedzi, tinozvisiya izvozvo. Kubatana pamwe chete

iko zvino mukusatenda, uye vanozvigamuchira, asi votadza kunzwisisa nekuona chiratidzo chenguva icho Bhaibheri rakati chichavepo.

MaZviona here? Ndinofanira kuvhara, nekukasika zvino. Nguva yave kupera, munoona.

²⁰² Sezvakaita madzibaba avo, ndizvo zvavanoitawo, chinhu chimwe chete nhasi. Zvino, sarudzo yasvikwa. Inofanira kusvikwa. Unofanira kusvika pairi, neimwe nzira. Maona? Kurovererwa kweShoko zvakare, kana kuti uchaita sei? Kurovererwa kweShoko kwave pedyo. Kuroverera uye vomisa Shoko rakasimbiswa, nokuda—nokuda kwesangano, sezvakaita Pirato, achiedza kupfuudza kune mumwe munhu. Zvino uchaita sei, sedungamunhu, neShoko rakazodzwa rinonzi Kristu?

Mumwe chete zuro, Kristu mumwe chete akazodza Shoko mumazuva aNowa. Kristu mumwe chete, uyo—uyo Muti waiva mubindu reEdheni; wakasiwa naEvha, paaidya paMuti weHupenyu uyu, kuti atore muti wehuchenjeri; iye, akasiya Muti weHupenyu, kuti atore muti werufu. Nguva yaNoa vakaita zvimwe chetezvo. Mumazuva evaporofita, vakaita zvimwe chetezvo. Mumazuva aKristu, vakaita zvimwe chetezvo.

Uye hepanoi pavari nhasi. Zvokuti mumwe nemumwe achitaura nezve nguva yake, uye, neapo chinhu chacho pachakazadzikiswa, nguva dzese vanотора zvikonzero zvesangano ravo, nezvakadaro, nohuchenjeri hwenyika panzvimbo yeShoko raKristu rakazodzwa. Iwe uchaita sei, sedungamunhu?

²⁰³ Pirato haana kuMubvisa mumaoko ake. Ndave—ndave kuvhara, saka imbonyatsonyararai kwekanguva. Pirato haana kuMubvisa mumaoko ake. Kana newewo, nenzira yaakaita, achiedza chero rimwe remazano aya. Haana kumbozviita. Munoziva here zvakaitika kuna Pirato? Akarasika njere. Zvakasvika pekuti zvaingonzwa bedzi kwaive kuroverwa kuya. Chaaingonzwa bedzi yaive mhirizhonga, zvokuti pakupedzisira akazopenga.

²⁰⁴ Uye vane nyaya kumusoro kuNorway, kana kwete... Ndiregerereiwo. Kumusoro muSwitzerland; uko, kwandakanga ndiri, semumishinari. Vanoti zviuru zvinoungana ipapo, kubva pasi rose, nezuva reChishanu Chakanaka; gomba remvura umo Pirato akazviurayira. Akazozviwisira kusvika pakufa mudziva remvura iri. Uye vanoti Chishanu Chakanaka chega-chega, nathree o'clock masikati, mvura inoshanduka kuita yebhuruu, inofashaira kubva paiva nemutumbi waPirato. AkaRiramba. Pachine Ropa pamaoko ake. Haana kugamuchira, akaramba; mvura.

Haukwanise kuMugeza kubva mumaoko ako. Hapana mvura, hapana sipo yemuwachi, inogona kuRichenesa. Ari mumaoko ako. Uchaita sei naYe?

205 Hechino chinhu chega chaunogona kuita. Kana usingakwanise kuMushamba kubva mumaoko ako; haukwanise kuMupfuudza mberi kune chimwe chinhu; haugone kungozvipfuura seimwewo nyaya. Hapana nzira yacho munyika. Chinhu choga chaunogona kuita kuRigamuchira, mumoyo mako. Ndiyo nzira yokuMubvisa nayo. Mubvise mumaoko ako uMuisse mumwoyo mako, kana kuti woMusiyi ari mumaoko ako wozomira paKutongwa. Ndicho chinhu chega chaunokwanisa kuita.

Magumo aPirato aive akashata kwazvo.

206 Shoko rinoti ava vanoMuchengeta mumaoko avo. . . Ndanga ndichazoRiverenga. Asi Rakati, “Vakachema kumatombo nokumakomo. Vakanamata, asi minamoto yavo yainge yanonoka.” Maona? Vakachema, “Tivanzei kubva pachiso chaiYe anogara paChigaro chohushe, nepahasha dzeGwayana, zvinoreva kuGondohwe, Hupenyu hweGwayana rauya. Nokuti, Zuva guru Rokutongwa raitika, zvino ndianiko achagona kumira?”

207 Munofunga kuti Oswald achaita sei zvino paanofamba pamberi peDare redzimhosva Repamusoro-soro, achiona meso ane hasha e va—vatongi nevamwe vose vagere ipapo? Anoziva zvichaitika. Ichange iri imba yegasi, kana tambo yakaremba ipapo, kana chimwe chinhu. Anofanira kutarisana nazvo.

208 Asi ko zvino kana ukazofamba ipapo uine Ropa pamaoko ako, rekuramba? Uchiziva kuti gehena riri pamberi pako, kuparadzwa Nokusingaperi; vachichemera matombo namakomo; asi vakanamata, asi minamoto yakanga yanonoka.

Muna VaHebheru 10, “Kana tikaita chivi nemaune.” *Chivi* ndiko “kusatenda.” “Kana tikasatenda nemaune mushure mekunge tagamuchira Chokwadi, zivo yeChokwadi.” Hausungirwe kuChigamuchira; kungoziva nezvaCho. Hausungirwe kuve naCho, unongo. . . Oo, kwete, kwete. Maona? Hazvina kunzi, “mushure mokunge tagamuchira Chokwadi.”

*. . . kana tichitadza nobwoni mushure isu . . .
tambogamuchira zivo inova iyo zvokwadi, hakuchine
chibayiro pamusoro pezvivi,*

*Asi ku . . . ngotarisa kune kutya . . . kutsamwa
kunopfuta somoto, . . . kuchapedza muvengi,*

*. . . Nokuti Mwari vakati, Kutsiva ndokwaNgu,
uye iNi ndicharipira, ndizvo zvinotaura—zvinotaura
Jehovha.*

209 Kana tikasaRitenda, nemaune, mushure mekunge Chokwadi chaziviswa kwatiri, hapachazove netsitsi zvekare. Hapana dzimwe tsitsi dzichapiwa zvekare.

Mufundisi, muri kuteerera tepi iyi, saka muchadini? Nhengo yechechi, uri kuteerera tepi iyi, saka uchadini? Uchaita sei,

kana tikasaRitenda nemaune? Haukwanise kuRigeza kubva pamaoko ako. Haukwanise kuRipfuudza kumuzinda mukuru. Rinongokudzokera, richidzokazve kwauri. WaRinzwa. Ko kwauri iwe? Uchamira sei muZuva iroro?

Ari mumaoko ako kana kuti mumoyo mako, mune chimwe chazvo. Mwari vatibatsire.

²¹⁰ Kana—kana mukangofungidzira humhondi, uye kuti chii chiri kupfuura nemumoyo wemurume uyu. Akaitei? Akazopatika atononoka, mushure mokunge atozviita kare.

Tarirai, akanga aine mukana. Akazvarwa ari mugari wemuAmerica akasununguka. Akanga ari chizvarwa chemuAmerica. Asi akada kutengesa hudangwe hwake, kuti ave wekuRussia, asi zvakamumukira. Akarooro musikana wokuRussia. Iye zvino mufungi-akasununguka webato rechicommunist rekuCuba.

Kufunga kwakasununguka, “Ndinofunga zvandinoda.” Iwe hauna pfungwa iri kuuya. Uchaita sei naJesu anonzi Kristu? Iwe hausi mufungi-akasununguka. Hakuna kufunga kwakasununguka. Rega pfungwa yaiva iri muna Kristu ive mamuri.

Ngatinamatei.

²¹¹ Fungai pfungwa idzi, “Kana kuine rumbidzo, kana kuine simba, fungai pane izvi.” Pakati pedu mangwanani ano, uye nemutepi ino, zvakare, ndiri kutaura. Kana uri pano mangwanani ano, uye uchiziva kuti hauna kururama pamberi paMwari, uye iwe hauna kuberekwa neMweya waVo, uye Mwari vaka...

Unoti, “Zvinoka, ndakareurura.” Handizvo zvandiri kutaura nezvazvo. Mwari vakazvigamuchira here? Unogona kuti, “Hongu, ini, ndakareurura, nezvimwe zvakadaro. Hongu, ndinotenda.” Ndzivo zvakaitawo Pirato, “Ndakareurura, chokwadi, ‘Ndichaita sei neMurume akarurama uyu?’” Haukwanise kuMugeza kubva pamaoko ako saizvozvo. Kwete, kwete.

²¹² Uchaita sei naYe? Kana usiri Mukristu akazvarwa patsva, ane Mweya Mutsvene achigara mauri, achipfumisa Hupenyu hwako, saka sei usingaUtore zvino? Haufe wakaZvigeza kubva pamaoko ako. Haufe wakanzwa kwekupedzesera kweMharidzo ino. Ichange ichirira kusvikira waunza Mharidzo yacho mumwoyo mako, kuti Jesu Kristu ndiye mumwe chete zuro, nhasi, nokusingaperi.

²¹³ Muungano ino inoneka mangwanani ano, vangavepo here pano vazvicherechedza, kuti vakakanganisa, uye mungasimudza maoko enyu. Hatina nzvimbo yekudanira kuartari, nzvimbo yacho yakazara zvikuru. Asi ingoti, “Ndinamatireiwo, Hama Branham. Mwari ndibatsireiwo.” Mwari vakuropafadzei,

ndaona ruoko rwenyu. “Ndizvo, ndinoda, zvino. Ipo pano ndinoda, pamberi paMwari, kuti Vazive kuti ndine mhosva, uye ndacherechedza kuti ndine mhosva. Ndi—ndinoda kuti Abve mumaoko angu; NdinoMuda mumoyo mangu.” Simudza ruoko rwako, uti, “Ndinamatirei, Hama Branham.” Ishe vakuropafadzei. Ndiri kuona, muhuwandu hwevanhu vari pano, pamwe maoko makumi mana, makumi mashanu akasimuka kuno.

Anodana nhasi, anodana nhasi,

Zvifunge zvino, ndiYe ari kudana. Jesu ari kudana. NdiYe ari kutaura kwauri.

²¹⁴ Watadza here zvakanyanya, kusvika pekuti mwoyo wako wakomba, kusvikira hauchagona, hauchakwanisa kuRinzwa zvachose? Pane imwe nguva, somukomana mudiki kana musikana mudiki, wakaRinzwa. Waive nechishuwo chekuzviita, asi wakasiyana naRo, kusvika wangokomba nekukomba pakusanzwa kuchekwa nekudhonzwa kuya. Zvaenda here kure kwekuti hauchakwanisa kuRinzwa? Wakamira here pekuti . . . une here . . . panzvimbo sepakamira Oswald mangwanani ano, pekuti unoziva? Uh! Ungadarireiko?

Pangave nemumwe here tisati tavhara ndozoisa munamato? Chero papi zvapo muchivakwa, asina kumbosimudza ruoko rwake, unoti, “Hama Branham, kubva pamataura mashoko ekupedzisira, ndi—ndinonzwa kudaro.” Aripo here, panze, mumakoridho, kumativi emahwindo, chero papi zvapo, hazvina basa. Ingo . . .

²¹⁵ Mwari vakuropafadze, mudzimai wechidiki. Mwari vakuropafadzei, changamire, imi. Ndakuonai. Ari pane . . . Mwari vakuropafadzei, amai. Mumwe munhuzve? Mwari vakuropafadzei, amai. Mwari vakuropafadzei, pano. Mwari vakuropafadzei uko, mukomana mudiki, musikana mudiki. Hongu, Ishe vakuropafadzei. Kumashure uko, changamire. Hongu.

Zvino ngatifungei nezvazvo zvino. Ndinoda kuti multe izvi tichiimba zvinyoro-nyoro izvi, *Jesu Ari Kudana*. Zvino ndinoda kuti ungoti, “Ishe, ndinzwireiwo tsitsi, ini mutadzi, kana munyengeri. Ndiri nhengo yechechi, Ishe, asi ndi—ndi—ndinoda iMi. Ndinoda iMi. Ndibatsire! ndicha—ndichaKushumirai. Ndinozvimbisa, izvozvi. Ndasimudza ruoko rwangu, kuti ndinoKudai. Zvino iMi simudzai mwoyo wangu, kuti ndiKugamuchirei, uye ndichaKugamuchirai mumwoyo mangu.” Tichiimba ndima iyi zvakare, ungasviita here?

Anodana nhasi, anodana nhasi,

²¹⁶ Zvino namata nenzira yako. Namata zvino.

Jesu anodana . . .

NdiYe ari kutaura. Ndicho chikonzero wasimudza ruoko rwako.

. . . kudana zvinyoro-nyoro nhasi.

Jesu ari kudana, O teerera kuInzwi raKe,
Munzwei . . .

Iye zvino, Munzwei. Iti, “Ishe, ndine mhosva. Ropa renyu riri pamaoko angu. Ndiri mutadzi. HandichaRida ipapo zvakare. Handikwanise kuRigeza kuti ribve; ndakazviedza, kwemakore. Handisi kuzoKurambai sezvakaitwa naPirato, ndoedza kuKutumirai kune mumwewo munhu. Ndinoda imi. Uyai mumoyo mangu, iko zvino, Ishe. NdinoKugamuchirai. Ndiri kuKuonai makamira pamberi pangu chaipo, semufananidzo wakamira ipapo; nokutenda ndiri kufamba ndichipinda maMuri, ndichiziva kuti Munondiregerera. Uye ndiri. . . Imi muchave muri mumoyo mangu, kubva zvino zvichienda mberi.”

. . . nhasi,

Munhu wose anamate.

Jesu anodana, Ari kudana zvinyoro-nyoro
nhasi.

²¹⁷ Baba veKudenga, mharidzo diki iyi yapera. Uye zvino, sarudzo, matare agadzwa mangwanani ano. Ngirozi dzaungana mumba muno. Mweya Mutsvene mukuru pano achisimbisa kuti Jesu achiri mupenyu. Akanga ari tsime reHupenyu Husingaperi. Guva harina kukwanisa kuMubata, kana gehena harina kukwanisa kuMuchengeta. Akakwira kumusoro; asunungurwa kubva mugehena, asunungurwa kubva muguva. Uye Akamira pakati pedu, nhasi.

Uye zvitendwa zvedu nemasangano zvakasunga vanhu vedu vazhinji, Ishe. Chivi chakavasunga, asi nhasi vanoda kusununguka. Vanomira saPirato, uye, panzvimbo yekuedza kuMupfuudza mberi kune mumwe munhu, vasimudza maoko avo, “Pindai mumoyo mangu, Ishe Jesu. HandichaKusukai kubva pandiri zvakare. Handikwanise kuzviita. Muchiri mumaoko angu. Ndambogeza nokugezazve, asi Hamuna kubva, asi zvino ndaKugamuchirai. NdinoKudai muhupenyu hwangu, uye ndinoKugamuchirai muhupenyu hwangu. Ishe, ndigamuchireiwo muHumambo hwenYu, nokuregererwa kwezvivi zvangu, uye ndipeiwo kutenda kuti nditende kuti Munondigamuchira, Baba.” Zviitei. NemuZita raJesu Kristu, tanamata.

²¹⁸ Uye zvino makakotamisa misoro yedu. Kutenda, nokutenda. . . “Uye, Mwari, Mundibatsirewo kuti ndive ndakatendeseka. Asi tichiziva kuti Munovimbisa izvozvo. . .”

“Uyo anouya kwaNdiri, haNdingatongomudziringiri kunze. Uye Ndichamupa Hupenyu Husingaperi, Ndichamumutsa mumazuva okupedzisira. Uyo achaNdipupura pamberi

pavanhu, iye Ndichamupupura pamberi paBaba vaNgu naVatumwa vatsvene. Uyo anonzwa,” dudziro chaiyo, yechokwadi yaMutsvene Johane 5:24 ipapo, ndeiya, “uyo anonzwisisa, anogamuchira Shoko raNgu. Uyo anogamuchira Shoko raNgu, nekutenda kune Uyo akaNdituma, ane Hupenyu husingaperi, uye haazodanirwi paKutongwa.” Hauzouyi paNzvimbo yeKutongwa sezvichaita Oswald. “Asi wapfuura,” nekuregererwa pachena, “kubva murufu kuenda kuHupenyu.”

²¹⁹ “Ishe, handizivi kuti sei, handizivi kuti nei, asi—asi ndinotenda kuti zvakaitika. Ndinotenda kuti, mumwoyo mangu, kusatenda kwangu kwaenda. Ndinogona kutaura zvakasununguka kuti ‘ameni’ kuShoko rose raMunotaura, uye ndinoRigamuchira iko zvino. ndinozvitando.”

²²⁰ Zvino nemisoro yenyu yakakotamiswa. Imi munotenda izvozo, masimudza maoko enyu nguva shoma yapfuura; uye nokutenda munoonza mufananidzo waKristu wakamira ipapo, waunofanira kunge uri mauri. Wava kufamba zvino nokutenda, tenda kuti zvivi zvako zvaregererwa. Uye kubva nhasi zvichienda mberi, wagadzirira rubhabhatidzo rweChikristu, uye wagadzirira zvino kufamba uri muna Kristu. Ungadaro here, seuchapupu kwaAri, ungasimudza maoko ako here, woti, “Nokutenda ndinoRitenda nomwoyo wangu wose”? Mwari vakuropafadzei. Zvakanaka. “NdinoRigamuchira zvino. Ndi—ndinogamuchira; hapana chandinogona kuita.” Mwari vakuropafadzei. Zvinotaridzika sevanhu vese vandaona. “Ndinogamuchira zvino.”

²²¹ Munoonza, hauna kunaka, hauna kumbobvira wakava munhu akanaka, haugone kuva munhu akanaka, asi Jesu akafira vanhu vasina kunaka. “Chii chandinofanira kuita, Hama Branham?” Ingogamuchira zvaAkaita, ingogamuchira zvaAkakuitira. Uye zvino nokuRitenda nokuRigamuchira . . .

Zvino, ndinotenda, mufudzi, chidziva chichange chakazaruka. [Hama Neville vanoti, “Hongu.”—Mupepeti] Rubhabhatidzo rwucharongwa, kana uchida kubhabhatidzwa.

Kana wakatora madunhurirwa, “Baba, Mwanakomana, Mweya Mutsvene,” chaizvoizvo uri . . . Ndinotaura izvi neruremekedzo nerukudzo, asi, sekuona kwangu, hauna kubhabhatidzwa. Hauna, nekuti hauna kuita zvaAkataura.

²²² Akati, “Vabhabhatidzei muZita raBaba, Mwanakomana, neMweya Mutsvene.” Kana wakangova nemadunhurirwa iwayo akadanwa pamusoro pako; haAna kumboti, “Endai munodana *madunhurirwa* aya; endai munodana *mazita* aya.” Hazvina kumboitwa muBhaibheri. Hazvina kumboitwa nenzira iyoyo. Kwaiva, kubhabhatidza nenzira iyo Jesu akataura, “Muzita raBaba, Mwanakomana, neMweya Mutsvene,” anova Jesu Kristu.

223 Petro, aine makiyi, akataura zvimwe chete; nevamwe vaapostori vose, Chechi yose; kusvika paKanzuru yekutanga yeNicaea apo chechi yeRoma Katorike yakarongwa, ndokugamuchira madunhurirwa panzvimbo yeZita. Unobhabhatidzwa mudzidziso dzechiRoma dzesangano, kana kuti unobhabhatidzwa muZita raJesu Kristu, chimwe chazvo. Riri pamaoko ako; haukwanise KuRigeza. Riripo.

WaRigamuchira zvino. Ndichakukumbirai, apo mu—apo muridzi weogani neanoridza piyano vachitiridzira rwiyo rwakakurumbira rwekare:

Kutenda kwangu kunotarisa kwaUri,
Iwe Gwayana reKarivhari,
Muponesi weKudenga;
Zvino ndinzwei ndichinamata,
Uye mubvise kupomerwa kwangu kwese,
Uye ndiitei kubvira nhasi
Ndive weNyu zvachose!

224 Pasawane anobuda muchivakwa iko zvino. Chingomirai nekuremekedza zvino, uye ngatisimudzei maoko edu kwaAri zvino.

Kutenda kwangu kunotarira kwaUri, (Uye Iye
iShoko.)
Iwe Gwayana reKarivhari,
Muponesi weKudenga;
Zvino ndinzwei ndichinamata,
Bvisai chivi changu chose,
O ndiitei kubvira nhasi
Ndive zvachose . . .

Kuve weNyu zvizere, uye zvakakwana! Ndinopira hupenyu hwangu.

225 Mvura ichave yagadzirira mumaminitsi mashoma. Kana usingakwanise kutora rubhabhatidzo iko zvino, tichabhabhatidza zvakare manheru ano.

Funga nezvazvo, masikati ese, “Pamaoko ako.” Ribvise. Nzira chete yaungaita, ndeye, kusukwa muRopa raJesu Kristu, Anova . . . Maona? Hongu, changamire. Zvirangarirei zvino tichikotamisa misoro yedu. Tarisai kwaAri zvino.

Apo muninga nhema dzehupenyu . . .

226 Sarudzo iri mumoyo mako zvino. Ari pakutongwa. Shoko rakagadzirira kurovererwa. Kristu ari pakutongwa. Uchaita sei naJesu anonzi Kristu?

Chivai Imi Mutungamiriri wangu;
Rairai rima rive chiedza,
Pukutai kusuruvara, misodzi zvibve,
Kana kundirega ndichitetereka
Kubva padivi reNyu.

Zvino takakotamisa mwoyo yedu kwazviri. [Hama Branham vanoimba mahon'era *Kutenda Kwangu Kunotarira KwaUri—Mupepeti*]

²²⁷ Fungai zvakadzama, shamwari. Zvichida zita rako ndiro rekupedzisira kuenda paBhuku. Tiri panguva yekupedzisira. Zvino funga zvakadzama. Uri here, pane munhu here pano akaMuramba?

²²⁸ Rangarira, unogona kusazodzoka zvakare. Pirato haana kuzova nemumwe mukana. Akaedza nepaaigonesesa napo kuti aponeswe, asi akatadza kuzviita. Rakanga riri pamaoko ake. Zvino uchaita sei neShoko rakazodzwa rezuva rino, rinonzi Kristu?



NDICHAITA SEI NAJESU ANONZI KRISTU? SHO63-1124M
(What Shall I Do With Jesus Called Christ?)

Mharidzo iyi neHama William Marrion Branham, yakaparidzwa kwokutanga neChirungu Svondo mangwanani, Mbudzi 24, 1963, paBranham Tabhenakeri muJeffersonville, Indiana, U.S.A., yakazotorwa kubva patepi yakarhekodwa ndokuzodhindhwa muChirungu pasina chakamurwa. Kuturikirwa uku muchiShona kwakazodhindhwa nokugoverwa neve Voice Of God Recordings.

SHONA

©2022 VGR, ALL RIGHTS RESERVED

VOICE OF GOD RECORDINGS, ZIMBABWE OFFICE
8 ST. ANNES ROAD, AVONDALE, HARARE, ZIMBABWE

VOICE OF GOD RECORDINGS
P.O. BOX 950, JEFFERSONVILLE, INDIANA 47131 U.S.A.
www.branham.org

Chiziviso chekodzero

Kodzero dzose dzakachengetedzwa. Bhuku iri rinokwanisa kudhindhwa papirinda yekumba kuti ushandise uri iwe pachako kana kugovera kunze, usingatengesi, semudziyo wekuparadzira Evhangeri ya Jesu Kristu. Bhuku iri harigoni kutengeswa, kudhindhwa akawanda, kuiswa pawebhusaiti, kana kuwana mumuchina waringachengeterwa, kuturikirwa mune mimwe mitauro, kana kushandiswa kukumbira mari pasina mvumo yakanyorwa neveku Voice Of God Recordings®.

Kuwana umwe umboo kana zvimwewo zviripo zvingawanikwa, tapota nyorerai:

VOICE OF GOD RECORDINGS
P.O. Box 950, JEFFERSONVILLE, INDIANA 47131 U.S.A.
www.branham.org